ФИФІ ФЫМЫГЪЭПУД, ФИ ІЕЙ ФЫМЫГЪЭПЦКІУ

АДЫГЭ ПСАЛЪЭ

АДЫГСКОЕ СЛОВО

КъБР-м И ПАРЛАМЕНТЫМРЭ ПРАВИТЕЛЬСТВЭМРЭ Я ГАЗЕТ
ГАЗЕТА ПАРЛАМЕНТА И ПРАВИТЕЛЬСТВА КБР

1924 ГЪЭМ И МЭКЪУАУЭГЪУЭ МАЗЭМ И 1 ПЪАНДЗРЭ КЪЫДОКІ

№103 (23.511) ● 2017 гъэм мэкъуауэгъуэм (июным) и 2, мэрем ● Тхьэмахуэм тхуэ къыдокІ ● И уасэр зы тумэнщ ● adyghe@mail.ru adyghepsale.ru

Къабэрдей-Балъкъэр Республикэм и Іэтащхьэ хэтщ Петербург дунейпсо экономикэ зэхыхьэ-2017-м

Дыгъуасэ Санкт-Петербург къыщыхэІуахащ XXI Петербург дунейпсо экономикэ зэхыхьэр. КІуэкІуэ Юрий абы щахуэзэнщ къэрал Іэхущ Іапі эхэм, щыналъэхэм я унафэщІ зыбжанэм, урысей, хамэ къэрал хьэрычэтыщІэхэм. Къэбэрдей-Балъкъэрым и Іэтащхьэ хэтынущ пленарнэ зэІущІэм, Урысейм и Президент Путин Владимир, Индиеи и Премьер-министр Нарендрэ Моди, Австриеи и Федеральнэ канцлер Керн Кристиан сымэ зыхэлэжьыхьынум.

КъБР-м и Іэтащхьэмрэ Правительствэмрэ я пресс-Іэхущ Іапі эрэ.

Къабэрдей-Балъкъэр Республикэм и Іэтащхьэ Кіуэкіуэ Юрийрэ Карелие Республикэм и губернатор къалэнхэр пІалъэкІэ зыгъэзащІэ Парфенчиков Артурэ щІыналъитІыр зэрызэдэлэжьэнум теухуа зэгурыІуэныгъэм.

Петербург дунейпсо экономикэ зэхыхьэм къыриубыдэу КІуэкІуэ Юрийрэ Парфенчиков Артурэ Іэ традзащ щІыналъитІыр зэрызэдэлэжьэнум теухуа зэгурыІуэныгъэм.

А ЗЭГУРЫІУЭНЫГЪЭМ Іэмал ярет, мылькур зейм емылъытауэ, Іэхущ Іапі эхэр зэдэлэжьэну, экономикэ зэпыщІэныгъэхэр ягъэбыдэну, щІэныгъэ-техникэ, щэнхабзэ лъэныкъэхІэ яІэ зыужьыныгъэр ирагъэфІэкІуэну.

Фейдэ нэхъ къызыпэкІуэну Іэхуэхэм щыщу ягъэбелджылащ промышленнэ технологиехэр, мэкъумэш Іэнатіэр, щІыпІэсыр хъумэнымрэ зыгъэпсэхуПІэхэм зегъэужьынымрэ.

КъБР-м и Іэтащхьэмрэ Правительствэмрэ я пресс-Іэхущ Іапі эрэ.

Къабэрдей-Балъкъэрымрэ Тюмень областымрэ зэгурыІуащ туризмэм, промышленностым, мэкъумэш Іэнатіэм зэзъусэу щыэфІахьыну Іуэхугъуэхэмкіэ

Санкт-Петербург щекІуэкІ дунейпсо экономикэ зэхыхьэм къриубыдэу КъБР-м и Іэтащхьэ КІуэкІуэ Юрийрэ Тюмень областым и губернатор Якушев Владимиррэ Іэ традзащ ахэр зи унафэщІ щІыналъэхэм гъэзугурэ транспортымрэ, хъыбарегъащІэ зэпыщІэныгъэхэмрэ щІэуэ къэуэнху Іуэхугъуэхэмрэ, промышленностымрэ мэкъумэш Іэнатіэмрэ зегъэужьынымкІэ зэгурыІуэныгъэм.

АПХУЭДЭУ абы къызэщІеубыдэ пІэныкъуитІми я сату-экономикэ, щэнхабзэ зэхуэщытыкІэхэр нэхъ быдэ щІынри.

«Дэ дыхоплъэ унэтІныныгъэ зыбжанэ зэуэ къызэщІиубыдэу ди зэпыщІэныгъэхэр зэредгъэфІэкІуэным, - жиІащ Тюмень областым и губернатор Якушев Владимир. - Псалъэм папщІэ, мэкъумэш Іэнатіэр, ЖКХ-мрэ уху нысгъэ егъэкІуэкІыныкІэ, щэнхабзэмрэ егъэджэныгъэмрэ, псом хуэмыдэу щІэныгъэ нэхъыщхьэ зэгъэгугъуныкІэ университет къзэыухахэм я щІэныгъэр адэкІи хагъэхъуэныкІэ ядэІэпыкъуныкІэ. Ди щІыналъэхэр дызэрызэдэлэжьэнум къыздэщІиубыдэхэм ящыщу а щІыпІэхэм къыщыщІагъэкІ хьэпшыпхэмрэ ерыскъыхэкІхэмрэ щэхуэкІуэхэм я деж зэрынэдгъэсын Іэмалхэм дыдгъэхуэнри, щІыналъэхэр адрейхэм къыщацІыхуу тщІынри, абыхэм щыпсэу лъэпкъхэм я щэнхабзэмрэ я псэуэкІэмрэ дджынри».

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Іэтащхьэм къызэрилъытэмкІэ, Іэ зыщІадза зэгурыІуэныгъэм щІыналъитІым я зэхуэщытыкІэхэр сыт и лъэныкъуэкІи зэрырагъэфІэкІуэну Іэмалыщ Іэхэр къаухуэсІуех. «Дэ диІэщ щыдагъэ къыщІэзышхэм къахуэщхьэпэну хьэпшып зэмылІэужьыгъуэхэр, налмэс зыхэлъ Іэмэпсымэхэр къыщІэзыгъэкІ завод, - къыхиугъэщащ КІуэкІуэ Юрий. - Къищынэмыщ Іауэ, Къэбэрдей-Балъкъэрым иІэщ зыпІпхьхьакІуэ, зыгъэпсэхуакІуэ къыхуэхІуэхэр къызэрыдихьэхын икІи Тюмень щыщ хьэщІэ куэд къытхуеблэгъэну дыщогугъ».

КъБР-м и Іэтащхьэмрэ Правительствэмрэ я пресс-Іэхущ Іапі эрэ .

БЕЛАВЕНЦЕВ Олег:
Мыбы щыпсэу цІыхухэр жаІам сытым дежи тетщ

«Кавказыр нобэ» порталым и корреспондентыр иджыблагъэ хуэзащ Урысей Федерацэм и Президентым и полномочнэ лІыкІуэу Кавказ Ищхъэрэ федеральнэ округым щыІэ, Урысеймрэ и ЛІыхъужь Белавенцев Олег. А интервьюр нобэ фи пащхьэ идолъхьэ.

- Сэлам удох, Олег Евгений и къуэ. МазипщІым нэблэгъащ уэ Урысейм и Президентым и полномочнэ лІыкІуэу Кавказ Ищхъэрэ федеральнэ округым укъызэрагъакІуэрэ. А зэманым къриубыдэу уэ зэІущІэ купщІафІэхэр ебгъэкІуэкІащ, округым и субъектхэр къызэхэпкІуэкІащ, нэгъуэщІ Іуэху куэд къызэгъэпэщащ. АтІэ а зэманым Кавказ Ищхъэрэр дауэ къыпщыхъуа? Уэзрыщыгугъам хуэдэу къыщІэкІа?

- Фи махуэ фІыуэ. Пэжщ, мазипщІым нэблагъэ блэкІащ. А зэманыр сэ тезгъэкІуэдащ зэрыщыту щІыналъэр, абы хиубыдэ субъектибрли зыхуэдэм нэхъ гъунэгъуу щыІуэдзэ зыщІынымкІэ. Псом мы щІыналъэм тІэкІу сыщыгъуэзащ щытащ, ауэ иджыпсту ар нэгъуэщІу зыхьзощІэ, нэхъ къызгуроІуэ. Япэу ззэгъалъэгъуахэм нэхъ нэрылъагъу къысщащІащ Кавказ Ищхъэрэ федеральнэ округым зэрызиужь щІыкІэр. Зэрыщыту къаптщтэмэ, сызыпэмыплъауэ зыри кьыкуэкІакъым, ауэ Іуэху пыухыкІа гуэрхэри зэрыщыІэм гу лъыстащ.

Псом япэу гуфІэгъуэщ иджыпсту мыбы лъы зэрыщамгъабжэр. Абы мыхьэнэшхуэ иІэщ. Ауэ гугъуехьу щыІэхэр куэд мэхъу. Ахэр къызэнэкІынымк ІэзыІ субъектхэри федеральнэ центрри еІэкъынхэм хуейщ, зэрыгурыІуэгъэщи, полномочнэ лІыкІуэм и аппаратри яхэту.

Кавказ Ищхъэрэ федеральнэ округыгурыІэ Кърым федеральнэ округымрэ щІыІэзэгъапщэкІэ, абыхэм зэтехуэуи зэщхьэщыкІыныгъэуи куэд зэрэІэр сольагъу. Щ Іыналъэ тІми лъэпкъ куэд щопсэу, тІури ди къэралым и Ипщэ лъэныкъуэм щыІэщ. Кавказ Ищхъэрэ федеральнэ округым и гугъу пщІымэ, ар къэралым и щІыналъэм щыщу зы процент фІэкІ мыхьэу пэтми, лъэпкъ зэмылІэужьыгъуэу 60-м щІигъу щопсэу.

Гуауэщ СССР-р зэтекъута нэужь мыбы лъыуэ нэхъыбэ зэрыщагъэжар. Ауэ федеральнэ властым иригъэкІуэкІ политикэм, езы щІыналъэхэм щыІэ унафэщІхэмрэ абы щыпсэухэмрэ я зэхэщІыкІым и фІыщІэкІ лъыбжьэр къыхэзтрагъэувыІэн икІи мамыр гъащІэр зэтрагъэувэжьын яхуэзфІэкІащ. Иджыпсту дэ ди къалэныр Кавказ Ищхъэрэм мамырыгъэр щыгъэбыдэным, щІыхуэр псэун папщІэ зыхуэІ социально-экономикэ Іэмалхэр егъэфІэкІуэным дызэщІыгъуу делажьынырщ.

- Дзэм, флотым щыбгъуэта зэфІэкІхэр Кавказым щебгъэкІуэкІ лэжьыгъэм къыщыбгъэсэбэпрэ? Уэ вице-адмирал цІэр уиІэщ, унафэщІ нэхъыщхьэ дыдэхэм яхуэдэ тенджжьэ офицерщ... АпхуэдэущыщытКІэ, гъащІэрэ зищІысыр къыбгурыІуащ, лэжьыгъэм хуэІэкІуэлъакІуэ хуэхуащ. АтІэ апхуэдэ зэфІэкІыр граждан Іэнатіэм къыщыбгъэсэбэпрэ?

- ЦІыхуэм и зэхэщІыкІыр ехъулІэныгъэ рэ щыуагъэу зэхэсджащ. Губзыгъэхэм нэгъуэщІхэм я щыуагъэхэр кьытрагъэзэжурэ ялэжьырыкъым. Пэрытхэм езыхэм я щыуагъэхэр къызэранэжьыурэ ялэжІэ мэкІуатэ. Акъылыншэхэм езыхэм ялэжьа щыуагъэхэми дерс кьыхахьыркъым.

1999 гъэм Іэщ Іэкі Іэ Зэщ Іэуэзэда Къаурэхэм сакъыщыхэкІыжьмэ, сэ абы къыщыкъур илъэс 33-кІэ щесхьэкІат, льготэхэр къэпльытэмэ, си стажыр илъэс 45-м нэблагъэт. КъыкІэлъыкІуэ илъэс 15-м сэ хьэрычэтэу зыхуэсыхэтащ.

ЗэрыгурыІуэгъэщи, дэтхэнэ зыми хуэдэу, сэ гъащІэм сызыхуригъэджахэр, апхуэдэу флотым щызгъуэта зэфІэкІыр къызогъэсэбэп. Нэхъыщхьэ дыдэу къызольытэ гъэжагъуи, уи пщэ къэралъэ Іэхуэр зэфІэпхъыныжьІэ жэуапыр нэсу зыхэпщІэнэр, унафэр текІ имыІэу гъэззэщІэныр.

ПащІэм хабзэ нэхъыщхьэ дыдэу щы щІыІэу къызолъытэ. Кавказ гуэр ящІыпІэщытмэ, абы зэрызыпІыбдзын щхьэусыгъэу къуэмылъыхьэуэу, Іуэхур зэрыдзбгъэкІын хэкІыпІэхэр убзыху. ФІыуэ лэжьыгъэр зэфІэбгъэкІыну ухуеймэ, уэ уи щхьэкІэ я Іуэхур лэжь. Ещанэр: зыгуэр пщІыну щІэбдзамэ, и кІэм нэгъэс. ГъащІэм сытым дежи а хабзищІыр текІ имыІэу щыбгъэзащІэмэ, уи Іуэхур дэкІынущ. А псом я щІыІужькІэ нэхъыщхьэ дыдэр - уэрэд цІэрыІуэм къызэрыхэщым хуэдэу япэщІыкІэ Хэкум, итІанэ уи щхьэм щІэгупсыс.

Кърымым и гугъу пщІымэ. Абы Іуэху пыухыкІахэм щыгъуазэ сыщыхъуащ. Шэч къытесхьэрэкъым Кавказ Ищхъэрэ федеральнэ округым урысей къэралыгъэр щыгъэбыдэным теухуауэ Урысей Федерацэм и Президентым къытхуигъэува къалэныр гъэзэщІэнымкІэ ар сэбэп зэрыхъунум.

- ГъащІэм щыбгъуэта зэхэщІыкІымрэ зэфІэкІымрэ къэпльытэмэ, нобэ, мис иджыпсту уэ сыт хуэдэу зыкъыхэзрыпльытэжьыр? Политик, хозяйствэр зезыхьэ лэжьакІуэ, унафэщІ? Е а псори зэщІигъу?

- Псори зэщІигъуу къыщІэкІынущ. Полномочнэ лІыкІуэм и Іуэхущ Іапі эр къэрал Іэнатіэ хэхащ икІи абы хеубыдэ унафэщІ Іуэхури, хозяйствэм пыщІа Іуэхуэхэри, апхуэдэу политикэ Іыхьэри. Къэпльытэ кьапщтэмэ, апхуэдэ зэпыщІэныгъэхэрщ фІы кьызыкІуэр. Президентым и полномочнэ лІыкІуэм и кІуэлькІуэм къалэн кьыпщещІ гъащІэм и Іэнатіэ псоми ущыгъуазэу, абыхэм ялыщІауэ махуэ хьэкъыкъуэкІ гугъуехьэр дэбгъэкІыфу ущытын хуейуэ.

Полномочнэ лІыкІуэм и кьалэн нэхъыщхьэхэм ящыщщ къэрал кІуэцІ, къэрал щІыб политикэр пхыгъэкІыным, федеральнэ органхэм я унафэхэр гъэзэщІа зэрыхъум кІэлъыплъыным властым и органу округым щыІэхэм я зэфІэкІыр хуэзащІэгъэуІуэным, лъэпкъ шынагъэншагъэр хъумэнэр кьызэрызэрагъэпэщым, округым щыщІэ политикэ, социальнэ, экономикэ щытыкІэм теухуа докладэр, абыхэм ялъ икІи ятІэ зыхуэфащэ Іуэхухэр Урысей Федерацэм и Президентым пІалъэ пыухыкІахэм къриубыдэу етыныр.

- Зэрыщыту къапщтэмэ, уэ узителъхьэр унафэхэр зэщІигъуу къэщтэныр е пыухыкІауэ зы цІыхум ищІыныр ара? Езым и кьулыкъым къриубыдэ Іуэхухэмкіэ полномочнэ лІыкІуэм сыт хуэдиз жэуап ихьэ? Е Іуэху зэмылІэужьыгъуэхэм бгъэдыхьэкІэ зэмылІэужьыгъуэ яІэн хуейуэ уеплъэ? Упщэр тІэкІу зэхэзэрыхьа хуэдэу щытщ...

- Хьэуэ, упщІэ тэмэмщ... Сэ сызэрепльымкІэ, унафэщІым тегушхуауэ унафэ кьищтэфын хуейщ. Апхуэдэ тегушхуэныгъэ хэмылъэ, абы зыри и мыхьэнэкъым. Ауэ зыщІбгъэгъупщэ хьунукъым: унафэм жэуаплныгъи пыщІащ. ЗэфІэкІ зыбгъэдэлъ унафэщІым унафэ пыухыкІа кьищтэн ипкІэ езым и лэжьэгъуэкэм, Іуэхум пыща щІэныгъэ зыбгъэдэлъ икІи Іуэхум щысгъуазэ Іэщ Іагъэлі эхэм Іэмал имыІэу ечэнджэщынщ.

УнафэщІм и кьалэнщ щынэрэ текъуэзэрэ хэмыту икІи иужькІэ кьыпекІуэкІыжьинкІэ мыгугъавэу дэтхэнэ зыри Іуэхум зэрепльу зэІухауэ жиІэфын папщІэ щытыкІэ тэмэм къызэриГъэпэщыну Арыншауэ Іуэхум и щытыкІэр нэгъэсауэ пхузэкъгъэкІынукъым.

ЦІыху куэдыІуэм я арэзынигъэ къэпльыхьэуэнри тэмэму кьэслъытэркъым, сыту жыпІэмэ, иужькІэ зыми лажьэ имыІэу кьыщІедзыж. Псори зэчэнджэща, зэгурыІуа хуэдэу щытщ, ауэ унафэр ямыгъэззэщІамэ, уэзэпщІын бгъэутыжыркъым. Ар мыкъумышІагъэшхуэщ.

Къытезгъэзэжынщи, сэ срителъхьэщ (псори зэгъуэсэу тепсэлъыхьа нэужь) цІыху пыухыкІам унафэ кьищтэныр, сыту жыпІэмэ, а Іуэхумкіэ жэуап зыхьри пыухыкІащ.

- Мыбы пыща нэзгъэщІ упщІэ. Иджыпсту уэ уи лэжьыгъэм къыхэщхьэхухэкІыныгъэ пыухыкІахэр иІэщ щІыналъэхэр блы, абыхэм я Іэтащхьэхэм блы мэхъу. Кавказ Ищхъэрэм и щІыналъэхэм я Іэтащхьэхэмрэ уэрэ сыт хуэдэ зэпыщІэныгъэхэр зэтевгъэува, а зэпыщІэныгъэхэр уэ сыт хуэдэу къэпльытэрэ?

- ЩІыналъэхэм я Іэтащхьэ псоми сэ тэмэму, лэжьыгъэм хуэунэтІауэ сапыщІауэ къызолъытэ. Іуэху нэхъ гугъуэм зэщІигъуу догупсыс. Сэ сызэрепльымкІэ, полномочнэ лІыкІуэм и кьалэнщ щІыналъэхэм я унафэщІхэм законым къитІасэу кьыхалъхьэхэр ядиІыгъэн хуейуэ, сыту жыпІэмэ ди къэралым и лъабжьэр щІыналъэхэм яефІэкІуэныгъэмрэ абыхэм я экономикэм и зэпІэзэрытыныгъэмрэщ.

Полномочнэ лІыкІуэм и аппаратыр щІыналъэхэм я унафэщІхэм тэмэму ядолажьэ икІи абыхэм зыхуэИ псомкІи ядолэпІыкъ. Псалъэм кьыдэкІуэу къзэгъэлъэгъуэнщи, щІыналъэхэм я унафэщІхэр абы фІыуэ щыгъуазэщ.

Кавказ Ищхъэрэ федеральнэ округым лъэпкъ куэд щопсэу, дин зэмылІэужьыгъуэхэр зэрахьэу, абы кьыхэкІыу иджыри гугъуехь, зэгурымыІуэныгъэ пыухыкІэхэр щІыІэщ. Абы кьыдэкІуэу щІыналъэм и кьыхэщхьэхуКІыныгъэ пыухыкІахэм ящыщщ абы хиубыдэ субъектхэм я псэукІэр дотацэхэм куэдкІэ зэрелъытар. Аращи, цІыхухэм я социально-экономикэ псэукІэр егъэфІэкІуэным, проект пыухыкІахэм зегъэужьыным трагъэкІуэдэн ахьшэр яхурикъуркъым.

(КІэлъыкІуэр 2-нэ нап.)

Къабэрдей-Балъкъэрымрэ «Почта Банк» акционер зэгурыІуэныгъэ зэІуихамрэ социально-экономикэ Іэнатіэм зэрыщыІэзэдэлэжьэнумкІэ зэман кІыхьым тещІыхьа зэгурыІуэныгъэ зэрэухуІэ

Санкт-Петербург щекІуэкІ дунейпсо экономикэ зэхуэсышхуэм хиубыдэу дыгъуасэ КІуэкІуэ Юрий лэжьыгъэ Іуэхуэ кІэ хуэзащ «Почта Банк» акционер зэгурыІуэныгъэ зэІуихам и президент-унафэщІ Руденкэ Дмитрий. Іэ щІадзащ зэман кІыхьым тещІыхьауэ социально-экономикэ Іэнатіэм зэрыщыІэзэдэлэжьэнум теухуа зэгурыІуэныгъэм.

ЛЪЭНЫКЪУИТІЫМ я зэпыщІэныгъэхэр зэрагъэбыдам и фІыщІэкІэ, зэІущІэм зэрыщыжаІамкІэ, банкхэм къыщагъэсэбэп иджырей технологиехэр республикэм и щІыналъэм щызэтрагъэувэнущ, банкхэм я ІуэхутхьэбзэхэрефІэкІуэнущ. А псоми хиубыдэу нэхъ тэмэму щІэгъэкъуэн къащІыщ къэрычэт Іэнатіэ мыинымрэ курытымрэ зэрадэІэпыкъун щІыналъэ программэхэр.

КъБР-м и Іэтащхьэмрэ Правительствэмрэ я пресс-Іэхущ Іапі эрэ.

Бахьсэн районым хыхьэ Кременчуг-Константиновскэ къуажэм и щІыналъэм щыщ Іыхьэм мардэ пыухыкІахэр (карантин) щыгъэувыным и Іуэхукіэ

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Іэтащхьэм и Унафэ

Бахьсэн районым хыхьэ Кременчуг-Константиновскэ къуажэм псэущхьэм хьэщхьэрыІуэ уз къеуэлІауэ къызэрыщІагъэщам къыхэкІыу, «Ветеринарием и Іуэхукіэ» 1993 гъэм накъыгъэм и 14-м кьащта Урысей Федерацэм и Закон №4979-1-м и 17-нэ статьям ипкъ иткІэ икІи Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм Ветеринариемкіэ и управленэм и унафэщІым 2017 гъэм накъыгъэм и 26-м №38/02-1015-м щІэту тхыгъэ къыхэзгъэхьам къыхэкІыу, хьэщхьэрыІуэ узыр гъэкІуэдын мурадкІэ:

1. Бахьсэн районым хыхьэ Кременчуг-Константиновскэ къуажэм и щІыналъэм Советскэ, Мамырыгъэ, Степной, Садовэ уэрамхэм я къуэхьым къриубыдэ и Іыхьэм мардэ пыухыкІахэр (карантин) махуэ 60 пІалъэкІэ щыгъэувын.

2. Карантиныр щыщІыІэ зэманым мы унафэм и пункт 1-м къыщыгъэлъэгъуа щІыпІэм унагъуэ псэущхьэхэр, абыхэм хьэхэмрэ джэдухэмрэ яхэту, кьрашыну, апхуэдэу унагъуэ псэущхьэхэмкІэ сату щащІыну хуиткъым.

3. Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм Ветеринариемкіэ и управленэм хуэгъэувын хьэщхьэрыІуэ узым хуэгъэзэа Іуэхуэхэр Бахьсэн муниципальнэ районым и щІыналъэ администрацэм щІыгъуу зэхилъхьэу игъэзэщІэну.

4. Мы унафэм кьару егъуэт Іэ щыщІэздза махуэм щегъэжьауэ.

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Іэтащхьэ КІУЭКІУЭ Юрий

Налшык къалэ
2017 гъэм накъыгъэм и 29-м №49-РГ

НОБЭ

♦Италием егъэлъапІэ Республикэ щыхъуа махуэр (1946 гъэм). 1861 гъэм къыщыщІэдзауэ а къэралыр тетащ пащтыхь хабзэм. 1946 гъэм ирагъэкІуэкІа референдумым кърикІуахэм япкъ иткІэ Италие пащтыхьыгъуэр щымыІэж хъуащ - къэралыр республикэ унафэ щІыкІэм хуэкІуащ.

♦Къэуат зыщІэлъ ерыскъэымрэ шхынкІэ емыгъэлеинымрэ я махуэщ

♦Азербайджаным и граждан авиацэм и лэжьакІуэхэм я махуэщ

♦1920 гъэм РСФСР-мрэ Тыркымрэ дипломатие зэхущытыкІэ зэхуаІэ хъуащ.

♦1924 гъэм США-м щыпсэу индейцхэр а къэралым и цІыхуу къызэралъытэ унафэм Іэ щІадзащ.

♦1928 гъэм Налшык тхылъ тедзапІэ къыщыдзэІуахащ.

♦1931 гъэм Лондон (Инджылыз) щызэхэтащ Газым елэжьхэм я дунейпсо зэгурыІуэныгъэ къызэгъэпэщыным теухуа унафэ къыщащта конференц.

♦1953 гъэм Елизаветэ ЕтІуанэм Инджылызым и пащтыхь гуащэ хъуащ.

♦1955 гъэм Байконур космодромым ухуэн щІадзащ.

♦1962 гъэм Новочеркасск щызэтрауКІат уасэхэр зэрыдрагъэуеяжмкІэ зэрымыарэзыр жаІэну уэрамым къыдыхьа цІыху мамырхэр. Абы щыгъуэ цІыху 24-рэ хэкІуэдат, 39-рэ уІэгъэ хъуат. Къэралым къыпэуваУэ ягъэкъуаншэри, суд унафэкІэ цІыхуибл яуКІат, 114-рэ ягъэтІысат.

♦1976 гъэм СССР-мрэ Филиппины Республикэмрэ яку дипломатие зэхущытыкІэхэр дэлъ хъуащ.

♦Совет тхакІуэ, драматург цІэрыІуэ **Тренёв Константин** къызэралъхурэ илъэсыкІ 141-рэ ирокъу.

♦Адыгей сурэтыщІ **ЦІэрыщэ Нурбий** и ныбжьыр илъэс 80 ирокъу.

♦УсакІуэ, журналист **Хьэту Пётр** и ныбжьыр илъэс 67-рэ ирокъу.

♦Урысей актрисэ, УФ-м и цІыхубэ артисткэ **Яковлевэ Алёнэ (Еленэ)** и ныбжьыр илъэс 56-рэ ирокъу.

♦Теннисист цІэрыІуэ, УФ-м спортымкІэ щІыхь зиІэ и мастер, Дэвис и Кубокыр къэзыхьа **Давыденкэ Николай** и ныбжьыр илъэс 36-рэ ирокъу.

Дунейм и щытыкІэнур

«pogoda.yandex.ru» сайтым зэритымкІэ, Налшык пшэр техьэ-текІыу щыщІытынущ, уэзыс кьыщІехьынущ. Хуабэр махуэм градус 20 - 22-рэ, жэщым градус 13 - 15 щыхъунущ.

Зыгъэхьэзырар
ЖЬЭКІЭМЫХЪУ Маринэщ.

Лъэпкъ Іущыгъэ:

Узыдэмыхьэ къуэладжэ хъуныфІэщ.

Ди къуэш республикэхэм

Школ лагерхэм лэжьэн щІадзэ

КЪЭРЭШЕЙ-ШЭРДЖЭС. *Республикэм и школхэм щылэжьэну лагерхэм гъэмахуэм зыщагъэпсэхунущ сабий мини 6-м щІигъум. КъШР-м ЕгъэджэныгъэмкІэ и министерствэм щытепсэлъыхьащ сабийхэр махуэм здэщыІэну лагерхэр зэрыхьэзырым.*

МЫ ГЪЭМ школ лагерь 99-м сабий 6185-м зыщагъэпсэхуфынущ. Абыхэм я нэхъыбэр унагъуэ хуэмыщІахэм яйщ.

Гъэмахуэ зыгъэпсэхугъэр сабийхэм щрахьэкІынущ Черкесск къалэм, КъШР-м и Усть-Жэгуэтэ, Инжыджэ муниципальнэ щІыналъэхэм. Школ лагерхэм мэкъуауэгъэм и 1 - 9-хэм зэкІэлъыкІуэу лэжьэн щІадзэщ. Школакіэхэр тІэу ягъэшхэнущ, щІыпІэ дахэхэм зыщрагъэпльыхьынущ, театрхэмрэ музейхэмрэ яшэнщ.

Урысейм щынэхъ ин кинолог Іуэхущ Іапі э

АДЫГЕЙ. *Федеральнэ таможненэ къулыкъум хьэхэ кинолог Іуэхущ Іапі эщІэ Мейкъуапэ щауэхуэнущ 2019 гъэм и кІэм ирихьэлІэу. А Іуэхум Правительствэм и Унэм щытепсэлъыхьащ Адыгейм и Іэтащхьэм и къалэнхэр пІалъэкІэ зыгъэзащІэ Къумпіыл Муратрэ Федеральнэ таможненэ Іэнатіэм и лІыкІуэхэмрэ.*

МЕЙКЪУАПЭ щауэхуэну кинолог Іуэхущ Іапі эм хуэдэ Урысейм иджыпстукІэ щыІэкъым. Мы Іуэхущ Іапі эм щрагъэжьэнущ кинологхэр, апхуэдэ Іэщ Іагъэлі эхэм я щІэныгъэм щыкъагъэхъуэнущ. Гектари 7,5-рэ зыубыдэ щІыпІэм щауэхуэнущ общежитрэ лэжьакІуэхэм я хэщІапІэрэ.

УЭРДОКЪУЭ Женя.

● Узыншагъэ

Я зэфІэкІым хагъахъуэ

Кавказ Ищхъэрэм и акушер-гинекологэр хэту «Синдика» хьэщІэщым щекІуэкІащ «Репродуктивное здоровье семьи» щІэныгъэ-практикэ конференц. Ар КъБР-м Узыншагъэр хъумэнымкІэ и министерствэр и дэІэпыкъуэгъуу Къэбэрдей-Балъкъэр къэрал университетым къызэригъэпэщащ. Кавказ Ищхъэрэм и щІыналъэ псоми къикІа дохутырхэм я мызакъуэу, конференцым хэтащ КъБКъУ-м и медицинэ къудамэм и студентхэри.

ЗЭУЩІЭМ и къызэгъэпэщакІэ нэхъыщхьэ, медицинэ щІэныгъэхэм я доктор, КъБКъУ-м и медицинэ факультетым сабий узыфэхэмкІэ, акушерствэмрэ гинекологиемкІэ и кафедрэм и профессор Узденовэ Зухра зэрыжиІамкІэ, апхуэдэ зэхьэхьэм мыхьэнэшхуэ яІэщ дохутырхэмкІи Іэщ Іагъэм хуеджэ ныбжьыщІэхэмкІи. «Мыпхуэдэ конференцыр илъэс къэс йокІуэкІ икІи абы ехьулІэныгъэ зэриІэр кьегъэлъагъуэ абы хэтхэм я бжьагъэм кІуэ пэтми зэрыхэхъуэм. ЗэІущІэм кьыщыгъэта Іуэхугъуэхэр нобэрей гъащІэм куэдрэ дызыщихьэлІащ. Узыншагъэр хъумэнымкІэ Іэнатіэм зыужьыныгъэщІэхэр зэрыщекІуэкІым ипкъ иткІэ, абыхэм нэхъ куууэ щІигъуазэ ухъунымкІэ конференцыр Іэмал хъарзынэщ», - къыхигъэщащ абы.

ЕджапІэ нэхъыщхьэхэм я профессорхэр, дохутырхэр я лэжьыгъэм щызыІэрагъэхьа Іэзэгъэзэмкіэ зэхъуэжащ, Іэнатіэм зыщрихьэлІэ гугъуехьэхэм, абыхэм я хэкІыпІэхэм тепсэлъыхьащ.

Зэхьэхьэм и етІуанэ Іыхьэм Узденовэ Зухра мастер-класс итащ.

ДОЛ Иннэ.

БЕЛАВЕНЦЕВ Олег:
Мыбы щыпсэу цІыхухэр жаІам сытым дежи тетщ

«Кавказыр нобэ» порталым и корреспондентыр иджыблагъэ хуэзащ Урысей Федерацэм и Президентым и полномочнэ лІыкІуэу Кавказ Ищхъэрэ федеральнэ округым щыІэ, Урысеймрэ и ЛІыхъужь Белавенцев Олег. А интервьюр нобэ фи пащхьэ идолъхьэ.

- Сэлам удох, Олег Евгений и къуэ. Мазипщ Іым нэблэгъащ уэ Урысейм и Президентым и полномочнэ лІыкІуэу Кавказ Ищхъэрэ федеральнэ округым укъызэрагъакІуэрэ. А зэманым къриубыдэу уэ зэІущІэ купщІафІэхэр ебгъэкІуэкІащ, округым и субъектхэр къызэхэпкІуэкІащ, нэгъуэщІ Іуэху куэд къызэгъэпэщащ. АтІэ а зэманым Кавказ Ищхъэрэр дауэ къыпщыхъуа? Уэзрыщыгугъам хуэдэу къыщІэкІа?

- Фи махуэ фІыуэ. Пэжщ, мазипщІым нэблагъэ блэкІащ. А зэманыр сэ тезгъэкІуэдащ зэрыщыту щІыналъэр, абы хиубыдэ субъектибрли зыхуэдэм нэхъ гъунэгъуу щыІуэдзэ зыщІынымкІэ. Псом мы щІыналъэм тІэкІу сыщыгъуэзащ щытащ, ауэ иджыпсту ар нэгъуэщІу зыхьзощІэ, нэхъ къызгуроІуэ. Япэу ззэгъалъэгъуахэм нэхъ нэрылъагъу къысщащІащ Кавказ Ищхъэрэ федеральнэ округым зэрызиужь щІыкІэр. Зэрыщыту къаптщтэмэ, сызыпэмыплъауэ зыри кьыкуэкІакъым, ауэ Іуэху пыухыкІа гуэрхэри зэрыщыІэм гу лъыстащ.

Псом япэу гуфІэгъуэщ иджыпсту мыбы лъы зэрыщамгъабжэр. Абы мыхьэнэшхуэ иІэщ. Ауэ гугъуехьу щыІэхэр куэд мэхъу. Ахэр къызэнэкІынымкІэ ЕІэзыІ субъектхэри федеральнэ центрри еІэкъынхэм хуейщ, зэрыгурыІуэгъэщи, полномочнэ лІыкІуэм и аппаратри яхэту.

Кавказ Ищхъэрэ федеральнэ округыгурыІэ Кърым федеральнэ округымрэ щІыІэзэгъапщэкІэ, абыхэм зэтехуэуи зэщхьэщыкІыныгъэуи куэд зэрэІэр сольагъу. ЩІыналъэ тІми лъэпкъ куэд щопсэу, тІури ди къэралым и Ипщэ лъэныкъуэм щыІэщ. Кавказ Ищхъэрэ федеральнэ округым и гугъу пщІымэ, ар къэралым и щІыналъэм щыщу зы процент фІэкІ мыхьэу пэтми, лъэпкъ зэмылІэужьыгъуэу 60-м щІигъу щопсэу.

Гуауэщ СССР-р зэтекъута нэужь мыбы лъыуэ нэхъыбэ зэрыщагъэжар. Ауэ федеральнэ властым иригъэкІуэкІ политикэм, езы щІыналъэхэм щыІэ унафэщІхэмрэ абы щыпсэухэмрэ я зэхэщІыкІым и фІыщІэкІ лъыбжьэр къыхэзтрагъэувыІэн икІи мамыр гъащІэр зэтрагъэувэжьын яхуэзфІэкІащ. Иджыпсту дэ ди къалэныр Кавказ Ищхъэрэм мамырыгъэр щыгъэбыдэным, щІыхуэр псэун папщІэ зыхуэІ социально-экономикэ Іэмалхэр егъэфІэкІуэным дызэщІыгъуу делажьынырщ.

- Дзэм, флотым щыбгъуэта зэфІэкІхэр Кавказым щебгъэкІуэкІ лэжьыгъэм къыщыбгъэсэбэпрэ? Уэ вице-адмирал цІэр уиІэщ, унафэщІ нэхъыщхьэ дыдэхэм яхуэдэ тенджжьэ офицерщ... АпхуэдэущыщытКІэ, гъащІэрэ зищІысыр къыбгурыІуащ, лэжьыгъэм хуэІэкІуэлъакІуэ хуэхуащ. АтІэ апхуэдэ зэфІэкІыр граждан Іэнатіэм къыщыбгъэсэбэпрэ?

- ЦІыхуэм и зэхэщІыкІыр ехъулІэныгъэ рэ щыуагъэу зэхэсджащ. Губзыг

(Кlэлъыкlуэр. Пэщlэдзэр 1-нэ нап.).

Мыбы щыпсэу щыхэр жаlам сытым дежи тетщ

Къапщтэмэ, Шэшэн Республикэмрэ Ингушымрэ я бюджетхэм я процент 84-р федеральнэ центрым къиутlыпщ ахъшэрщ. Къэрэшей-Шэрджесым и бюджетым щыщу федеральнэ дотацэхэр процент 68-рэ мэхъу. И Iуэхур тlэкlу нэхъыфlщ Ставрополь крайм, ауэ абыи процент 38-рэ дотацэу къратат. Дотацэхэр КъБР-м процент 52-рэ, Дагъыстэмэ процент 68-рэ щохъу. Дотацэхэм, псэуныгъэ и лъэныкъуэкlэ нэгъуэщlхэм даэзрыщыгугъым, федеральнэ «хущхъуэ» зэхьэлlэным дыкъыпыкlын хуейщ.

Щlынальэхэм я языныкъуэ унафэщlхэр къыхуащlэным щыгугъыу зэрыщысым илъэс ныкъуэ ягокlэ Шынагъуэншагъэмкlэ советым къыщыщыпсалъэм гу лъыдигъэтэгъэ щытащ къэралым и Президентым. Ди жагъуэ зэрыхъущ, илэжыпlэкlэ къызэрекlуэкlыр мыпхуэдэущ. Зи хэхъуэхэм я зэхуэдитlыр дотацэхэм я хьэкъкlэ къызэрагъэпэщ щыналъэм и Iэтащхьэуэщlэуэхахам Iэнатlэкэрэзэрызэрахьэр егъэтэрэмрэ хозяйствэ лэжьыгъэр ирегъэфlакlуэ, абы и фlыщlэкlэ, псалъэм папщlэ, щыналъэм и бюджетым къыlэрыхьа ахъшэ процентипщlкlэ нэхъыбэ махъу. Ауэ а процентипщlар абы щыналъэм зригъэужькlи папщlэ къыхуагъанэркъым, дотацэхэр къыщыхуаутlыпщlкlэ хагъэкlыж. Апхуэдэу щыщыткlэ щlэупщlапхъэщ: «Сыт итlанэ гугъу зыщlебгъэхьынур? Хэхъуэу процент 50 къысlэрыхьэми, процент 60 къысlэрыхьэми, зэхуэдэщ, сыту жьпlэмэ, тхуримыкъур центрым къыутlыпщынущ!»

Апхуэдэ лэжьакlэм Iэпкълъэпкъыр щlех. Шынагъуэншагъэмкlэ советым иригъэкlыгъуэ щыта зэIущlэм и ужькlэ щlадзауэ зэхалъхьэ щlынальэхэм я Iэтащхьэхэр ищхьэкlэ къикlыу къаIэрыхьэным щымыгугъыу жыджэру лэжьэным трагъэгушхуэну дызыщыгугъ Iуэхуэр.

Дауи, унафэщlхэм къаIэт жэрдэм тэмэмкlэр дз ядыдоIыгъ. Къапщтэмэ, дотацэхэм я пlэнэкъуэкlэ Къэбэрдей-Балъкъэрыр иджнэсту зэрыт щытыкlэ гугъуэм мыгувэу къикlыныкlэ плъапlэ пыхуэкlаxэр щыIэщ. Абы Китайм щыгъуэ инвестицэ проект ин егъэхьэзыр доллар мелард 12 зи уасэ «ЭТАНА» промышленнэ комплекс КъБР-м и щlынальэм щыхуэнын хуэгъэзауэ. Правительствэм и Iэнатlэм Iэ щытрадзащ документ нэхъыщlхьэм. Проектым пыщlауэ Урысей лъэныкъуэм къыбгъэдэхуэ къаlэнэхэр игъэззащlащ. Иджы дэ дыщогугъ КНР-м и унафэщlыр бадзэуэгъуэм и пэщlэдзэм Урысейм щыщыlэну зэманым хиубыдэу адрей документхэм Iэ щlадзыну икlи проектыр гъэззащlынэ зратыну.

Сыт абы кlэухыу къытхуихьынур? А Iэнатlэм и закъуэ, я нэхъ мащlэ дыдэ хъуамэ, илъэси 10 - 13-м кърибыдэу щlыпу мин 25-м лэжьапlэ щратынущ. Бюджетым и Iэнатlэ псоми ахъшэу сом мелард 14,8-рэ хуэдиз халъхьэнущ. Мы проектыр егъэлеяуэ лъэщщ, абы къыхэкlыу нэгъуэщlи инфраструктурэ, производствэ зэмылlэужьыгъуэхэр кьызэгъэпэщын хуэй хъунущ. Зи гугъу сщlыр псы къабзэмрэ минеральнэ псымрэ Кавказым ирашурэ Китайм яшэнырщ. Ягъэ лъхъэнэм ящlынщ тарэ зэмылlэужьыгъуэхэр къыщlэзыгъэкlи предприятэ, иужькlэ псыр ящэу щlадзэнущ.

Транспортым и инфраструктурэмэ нэрылъагъуэ зиужьынущ, сыту жьпlэмэ хьэлъэхэр щызэблагъэкlынур Тамань и кхъухь тедзапlэщ. Проектым къыхэлжьыхьыну Iэхъуцlапlэ нэхъыщхьэхэр «Совфракт» зэгуэхьмрэ Урысейм Транспортымкlэ и министерствэмрэщ. Мы проектым ипкъ иткlэ Китайр псы къабзэу зыхуэныкъуэм и проектыр 30-мкlэ къызэрагъэпэщынущ, дэри лэжьапlэ Iэнатlэщlэхэр къызэIутхыну, бюджет ахъшэм хэдгъэхъуэфыну догугъэ.

- Абыхэм япкъ иткlэ жьпlэ хъунущ пlэрэ, уэ щыlэныгъэ пыухыкlа хэлъмэ, къэкlэнуэм фыкlэ ущыгугъуэ?

- Сыт щыlэныгъэ щыхэлъыр? *(мэдыхьэшх).* Къэкlэнуэм пыухыкlауэ фыкlэ сыщогугъ. Абы и лъэныкъуэкlэ сэрэ схуэзфlэкl псомкlи щlэгъэкъуэн сохъу. Проектыр пхыгъэкlыныжкlэ жэрдэмыр нэхъыбэу къызыбгъэдэкlа, Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Iэтащхьэ Кlуэныгъэ Юрийрэ сэрэ дызэщlыгъуу а щlыпlэм дыщыщlащ икlи зи Iэщlагъэм хуэзэкlуэлакlуэ лэжьакlуэ гупым зэрыщыту проектыр ди пащхьэ кърахьащ, дызэщlэупщlэхэми жэуапхэр къратащ. А щlыпlэм техническэ къхэугъэныгъэр щрагъэкlуэжащ. Икlи Китайр зыгуэркlэ икlуэтыж хъужыкlыуэмэ, сэ быдзу си фlэщ мэхъу - мы проектыр зыфlэгъэщlагъуэныкн инвесторхэр къыкъуэкlынущ. Къэкlуэну зэманым тещlыхьауэ къапщтэмэ, псы къабзэр зрыкуэдым стратегие мыхьэнэшхуэ иэнуц, дызэрыт лlэщlыгъуэм абы хуэныкъуэхэр куэд мэхъу... Дауэ мыхьуми, проектыр Iэмал имыIэу ягъэззэщlэнущ.

- Хуит сыкъэпщlмэ, къыкlэлъыкlуэ Iуэхум дытепсэлъыхьынщ. Псори щыгъуазэщ уэ пIыгъ къыщыкъуэтым, уэ пхуэдэ щIыхум теухуа тхыгъэм куэдым гу зрыльатэм. Абы къыхэкlыу уи къекlуэкlыкlам нэхъ зэпкърыхуэ тхутепсэлъыхьынт. Уи дуней еплъыкlэр зэтеувэзэныкlэ нэхъ мыхьэнэшхуэ зиIар сыт? Уи гущlэм къыщыхъуахэм, лэжьапlэм, егъэджакlуэхэм, ныбжьэгъухэм, благъэхэм сыт хуэдэ мыхьэнэ яIа? Узытепсэлъыхьыж хъуну къэплъытэхэм щыгъуазэ дыщIыт.

- Си адэ-анэр Сыбырым щыщхэт. Си адэр, Евгений Михаил и къуэр Красноярскэ крайм, си анэр, Нинэ Николай и пхъур, Алтайм щыщlалъхуащ. Иужькlэ ахэр Красноярск Iэпхъуащ. Ауэ нэхъри уэзлэбэкlыжмэ, си адэр къызытеухъыжьахэр пlэщlыгъуэ кlуам и пэщlэдзэм, Столыпиным Сыбырыр къиIэту щыхуежьа зэманым, Смоленскэ губернэм иIэпхъукlауэ щытащ.

Си адэр фронтым щlыщlащ, Хэку зэуэшхуэм, иужькlэ Манчжурием и щlынальэм Японием щыщеззуэм хэтащ. Зауэ нэужькlи хьэуа-десант дзэхэм хэту къулыкъу щищlащ, 1949 гъэм, сэ сыкъышлалъхуам, Псковскэ областым. Хьэуа-десант дзэхэм я 104-нэ дивизэр, си адэм батальоным и командиру къулыкъу щищlэр, 1960 гъэм Закавказьем ягъэIэпхъуащ, а зэманым трахауэ щlат фильмхэм къызэрыщlалъэгъуэм хуэдэу, щхьэ зытелъ хьэлъэешэ вагонхэм ису унагъуэхэр а щlыпlэм кlуэрт, дэтхэнэми иIыгъ щlыпlэр щащlыкlэ къаухъуфыхьауэ...

Куржым, Кутаиси къалэм, зы илъэскlэ дыщыпсэуащ, иужькlэ си адэр и къулыкъукlэ драгъэкlуэтэрем, Азербайджаным, Кировобад къалэм, иджы Гянджа жыхуаIэм, ягъэкlащ икlи абы илъэситхукlэ къулыкъу щищlащ.

Къэралыр Ищхьэрэм къыщегъэжьауэ Ипщэм нэс, Къыхьэпlэм къыщегъэжьауэ Къуэкlыпlэм нэс щызэпыбупщlкlэ къыбгуроIуэ ар егъэлеяуэ зэрыинр, зэрыгъэщlэгъэныр. Уи гъащlэ псор зы жылагъуэм удэсу щебгъэкlуэкlым уиIэ гупсысэкlэм ельытагъэ уи дуней еплъыкlэм куэдкlэ зехьэжь. КъыбгуроIуэ ди щlынальэм и инагъыр, ар зэрыгъунапкъэншэр.

1965 гъэм, 10-нэ классым сыщIэсу, Рязань дыIэпхъуащ: ди адэр абы дзт хьэуа-десант эджапlэ щlэрыIуэм ягъэкlуащ, дзэм и Iэщlагъэпlэкр игъэхьэзырын папщlэ. Абы и гъэсэнхэм Хьэуа-десант дзэхэм я командующ щы щхьэхэщlащ, абыхэм ящыщ щыр - Грачёв Павел - Урысейм зыхъумэжыныгъэмкlэ и апэ «демократическэ» министру щытащ. Зэгуэрым Павел къызжиIэгъащ: «Пэжыр ныбжьеcIэнщи, си гъащlэм сэ сызыщlышынэу щытар зы цIыху закъуэщ - полковник Бондаренкоеврыщ. Сэ абы зыуэ сыщыщынэрти!...» Сэ абы пэздзыжащ: «Уи закъуэкъым! Сэри сыщыщынэрт!»

Си адэр пэжыгъэ зыхъэлъ ныдт, пэжым зэи пхутекlынутэкъым. Хьэуа-десант дзэхэм къулыкъу щрихьэкlащ, парашюткlэ миным нэблагъэрэ кьелъауэ... 1972 гъэм и къарулыгъуэ жьхуаIэм хуэдэу, адэкlи къулыкъум пищэфыну, запасым ягъэкlуащ. Щхьэусыгъуэр и зэманым щlэныгъэ нэхъыщlхьэ зэрызэримыгъэзагъэтар - а зы щхьэусыгъуэрт... Хьэуа-десант дзэхэм я командующэ цIэрыIуэ Маргелов Василий Филипп и къуэм абы къыжрIауэ щытащ: «Унафощlэкlэ укъикlатэкъым уэ, Белавенцев! Абыхэм и зэманым академием уагъэкlуакъым...»

Ауэ сэ абы и насыпт къикlауэ къызоIыпта. Хэкум хуищlэ къулыкъур нигъэсри, ар гупсэжу зыкъомрэ Пятигорскэ щыпсэужащ. Си адэмрэ си анэмрэ, апхуэдэу щlэщхьышхуэм хэкlуэда, илъэс 12-м ита си шыпхъур, мыбы щыщlалъхьэжащ...

1966 гъэм курыт адэжапlэхэр класс пщыкlузым и пlэкlэ илъэси 10-кlэ егъэджэным хуэкlуэжащ. Абы къыхэкlыу а гъэм курыт адэжапlэхэр къззыухахэр хуэдитlкlэ нэхъыбэ хъурт: школхэм къыщlэкlат епщlанэ классри епщlанэ класси я классри я къззыухахэр. Зэрыгурыуэгъуэщи, адэжапlэ нэхъыщхьэм щlэтlысхьэнухэм я конкурсым хэтхэри хуэдитlкlэ нэхъыбэт.

Си гъащlэ псом сэ десантник сыхъуну сыщlэхъуэпсыр, сыту жьпlэмэ, ерэ фIырэ зэхэсщlыкlыу щыщlэздза махуэм щегъэжьауэ лIы нэхъэм сакъыхэхъуэкlат, сыдэплъеймэ, махуэ хъэс згум щыслъагъур парашютхэт. Хьэуа-десант дзэхэр сэ си ныбгъэм хуэдэт. Си мурадыр къыщlыщlам, адэм щlэгъащхьуауэ пиупщlащ: «Зы унагъуэм и дежкlэ зы десантникыр куэдыщхьщ!» А зэманым абы адэжапlэм щlэтlысхьэну батальоным хэхуэнухэр кьыхихыртэ, сэ гурыIуэгъуэ къыщыхъуащ а гъэм десантхэр щагъэхьэзыр адэжапlэм сызэрыщlамыгъэтlысхьэнур.

Псори дызэрыщlагъуэзэщи, 1960 гъэхэм Хрущёв дзэм офицер зы мелуанрэ мин 200-рэ къыхихэзыжауэ щытащ. Ахэр 1945 гъэм текlуэнигъэр къззыхьа орденыбгъэ защlэт, ауэ зэуэным фIэкl нэгъуэщI Iуэхум щыгъуэзэтэкъыным, Iэщlагъэ зэрамыIэм къыхэкlыу хьэлъэзехьэу, шоферу лжьэн хуей хъуащ. Дзэ къулыкъум хуащl пщlэми зихъуэжащ. Адэ-анэхэр хущlэкъурт дзэ адэжапlэхэм кlуэ я бынхэм инженер унэтIыныгъэ зиIэ Iэщlагъэхэр иджы яIэу сызыкlыным.

А зэманым си ныбжьым ита, Хэку зэуэшхуэм текууа тхылъхэм, фильмхэм, гукъэкlыжхэм щlапlыкlа щlалэ цIыкlухэм я нэхъыбапlэми зэрыхъуэу, сэри си мурадт СССР-м Iэщlэкlэ Зэщlэуэздэ Къарухэм сыхэту Хэкум къулыкъу хуэщlэным си гъащlэр хуэзгъэпсыну.

Школыр къызэрызухуу Хьэуа-десант адэжапlэм сызэрыщlамыгъэтlысхьэнур къыщызгурыуэм, сэ сегупсысащ: «Дзэ-тенджыз адэжапlэм сыкlуэнщи сеплъынщ, сыщlэмыхуэмэ, гъэкъакlуэ Рязань дзт десант адэжапlэм си адэм и ныбжьэгъум сыщlигъэтlысхьэнщ», ар сэ икъукlэ фIыуэ хэсхуэщlтт. Хьэуа-десант дзэхэр мыхъумэ, адэкlэ си дежкlэ нэхъыщхьэ дыдэу щыIэр флотым къулыкъу щыщlэнырт.

Дзэ адэжапlэхэм щlагъэтlысхьэнухэр а зэманым лъэхъэнитlкlэ зэпыудэу къыхахырт: япэщlыкlэ ахэр район военкоматхэм щlадзыхурт, иужькlэ областхэм я военкоматхэр абыхэм яхэщlыпхьыжырт. А псоми пхыкlарт еджапlэм щlэтlысхьэн папщlэ экзаменхэр итыну ягъакlуэр. Ятlонэ зэуэшхуэм хиубыдэу сэ район военкоматым дохутырэм я комиссэр къыщlэзэплъащ икlи абыхэм жаIащ си нэ

ижьым дагъуэ гуэр иIэу къаззэрыщlхъуэр. Апхуэдэу щыщlэткlэ, флотми авиацэми ухихьэфынукъым. Фикуль Валентин и тхылъэм сызэреджэр пщlэншэу кlэуратэкъым - флотым сыхьихьэнри си мыжаГуэу щытт. Мыбдеж, сигу къэмыкlыхъауэ, Iуэхум зыкъызэридзэкlыжащ, областым щыIэ военкоматым и комиссэм хэтахэм жаIащ си нэм теухуауэ дохутырэм зыгуэр зэрызэхагъэззэрыхьар, абы дагъуэ лъэпкъ зэримыIэр. Апхуэдэу сэ сакъыхэхутащ Севастополь дзт дзэтенджыз инженер еджапlэ нэхъыщхьэм щlагъэтlысхьэну ятхахэм. Итlани сэ щэч къытесхэрт си нэм теухуауэ дохутырэм щIэуэ ятхыжам. Абы къыхэкlыу экзаменхэми щIэгъащlэу захуэзгъэзэхьэзыртэкъым. Севастополь сыкlуэну сыщlежьэм си ныбжьэгъуэхэм яжеcIащ: «Фымыгуэзавэ, махуитху хуэдиз дэкlмэ къззгъэззэжьынщ».

Севастополь и щытыкlэм абы щыгъуэ сыкъыгъэуIэбжьат. Зауэр зэрыухэр я илъэс тIощ дэкlат, къалэр зэтрагъуэзжа къудейт.

Дзэ-тенджыз инженер еджапlэ нэхъыщхьэм а гъэм щlагъэтlысхьэну зы цIыку къэс хуэззу цIыхублым экзаменхэр ятырт. Абитуриентэр гупурэ зэпрадащ, дзтхэнэри цIыхуи 150-рэ хъуурэ. Япэщlыкlэ математикэмкlэ лэжьыгъэхэр ирагъэтхыртц, гупым щыщу цIыху 15 - 20 къэнэжу арат, адрейхэр пихырт. Япэ экзаменыр тэмэму зытехэр дохутыр комиссэм ягъакlуэрт, абы иужькlэ математикэмрэ физикэмрэ ирагъэтырт...

Си нэм дагъуэ зэриIэм къыхэкlыу комиссэм сыпхымыкlынкlэ сышынэрти, математикэмкlэ экзаменыр тхыгъэу щыстым хэзгъэхьэщакъым.

Экзаменым хиубыдэу алгебрэмкlэ щапхъэу тIу, тригонометриер хиубыдэу геометриемкlэ тIу зэпхърыхьи хуейт. Геометриер сэ хуабжу сигу ирихьырт, олимпиадэкlэ сыхэтат. Абы къыхэкlыу алгебрэмкlэ сызэлэжьи хуейкъэ сеIуэсхакъым, тригонометриер зыхэт геометриемкlэ упщlитlми псынщlэ дыдэу жэуап естри, тхыгъэр экзаменыр Iызыхэсэм естыжащ. А псоми дакъикъипщlу хуэдиз тезгъэкlыуэдауэ аращ, экзаменхэр зэрекlуэкl сыхьэтиплIым щыщу. КъэуIэбжьауэ къызэплъа цIыхубзым жеcIащ: «сыт хуэдэу сымытхми, дохутыр комиссэм сыпхыкlынукъым, зэманыр къзэгъэсэбэлъэщи, нэгъуэщI мыхъуми, тенджызым зыщыщзгъэпскlынщ».

Пщыхьэщхьэм драгъэувэкlри, экзаменымкlэ къэтхьаэхэр къыджалэжащ - хэт - «тIу», зэ - «щы», сэ къысхуэгъэзауэ: «Белавенцевым зыри хуагъэувакъым. Ауэ къыкlэлъыкlуэ экзаменым нэсхьхуэкlэ къыгъанэ». Старшинамичманым игъэщlагъэуащ: «Апхуэдэ иджы япэу орихьэсIэу аращ...».

Къыкlэлъыкlуэ махуэм дохутыр комиссэм сыщlащ. Абы нагъэ къыщlащ си нэм дагъуэ зэриIэр зэримыIэр икlи еджапlэм сыщlэхэхуэнкlэ зэрыхъунур. Аратн, тхылъхэр щlэзджыкlыкlу щlэздзащ. Математикэмкlэ жьхэрыуатэу экзаменхэр тIызых ягъэджакlэщ сыщымыгъупщжауэ къыщlэкlащ, сыту жьпlэмэ, геометриемкlэ лэжьыгъитIым я зыр ди гупым хэтахэм ящlыщу зыщlыжьыбар си закъуэт. Абы и пащхьэ сригъэтlысхьэри задачэу блы къызитащ. Ахэр сщlыжащ. Адэкlэ зыми яхэзымыщlыну къалъытэ нэгъуэщI зы задачи къыщlигъужащ. Ари сщlыжащ, сыту жьпlэмэ олимпиадэм сыщыхэтам щыгъуазэ зызыхуэсщlарт. «ФIы дыдэ» схуигъэуват икlи конкурсым сыпхымыкlынкlэ шэч зэрысщlым и жэуапу жиIащ: «Уэ ущlэтlысхьакlэщI!». Севастополь дзт дзэ-инженер еджапlэ нэхъыщхьэм щlэтlысхьэнур нэхъыбэу зэлъытар математикэрт.

- Нэгъуэщlу жьпlэмэ, зэрымыщlэкlэ Iуэхур щыдэкI щыIэщ...

- АтIэ... Си адэмрэ си анэмрэ къыскlэлъыкlуащ, сызыщlэтlысхьэ адэжапlэр зэрагъащlэри. Ди анэр марэ, адэр къызэгъурджауэ: «Атомнэ псы-щlагъырыкlуэ кхъухьыр Хьэуа-десант дзэм нэхърэ нэхъ хьэлъэжщ!» *(мэдыхьэшх).*

- Хьэуа-десант дзэр нэхъыфIт, жьхуиIэу...

- Дауи, арат! Нэхъ иужькlэ ди адэр къызэчэнджащащ зы илъэс сыпэплъэу десант адэжапlэм сыщlэтlысхьэну. Зэманкlэ сыкъикlырт: илъэс 17 фокIадэ маазэм срикъуу арат, дзэм щагъакlуэр илъэс пщыкlубгъу ирикъуа ныжьт. Ауэ дзнэт! Сэ си щхьэр яупсат, фащэ къысщlатIэрэт, лэжьапlэ сыкlуэрт робэ сщlигъу - бжьыхь гуэр дгъэувырт *(кьыпогуфыкl).* Си адэ-анэм къагурыIуащ къикlуэтыжьпlэ зэрыщыныIэр.

Адэжапlэр къзэыухэ ныжь, 1971 гъэм, Ищхьэрэ щlынальэм сагъэкlуащ псыщlагъэрыкlуэ атомнэ кхъухьэм я етIуанэ щlэблэм хиубыдэжэм ящыщ зым кlуакъу щысщlэну. Дивизэм иIэ кхъухь псоми сису тенджызым сытехьэрт. Ищхьэрэ лъэныкъуэм дыкъикlырти, дзэ къалэным хиубыдэу Середиземнэ тенджызым дыкlуэрт НАТО-м и къэралхэм я авианосецхэм дакlэпlыпlыпlэ, абыхэм дакlэлъыкlуэтэн папщlэ. Кхъухьлъатэу щэ хуэдиз тету Америкэм и авианосец Средиземнэ тенджызым кьытехьамэ, да абы ракетэкlэ дыльэIэсын хуэдэу, пэгъунэгъуэ къэткlухьын хуейт. Арати, абы здзгъаззэмкlэ дэри дгъаззэрт, дамэ зытет ракетэхэр гъэпсауэ ди кхъухьам иту, шынагъуэ гуэр къэхъумэ, занщlэу дгъэувын хуэдэу.

1978 гъэм Дипломатическэ академием сыщlэтlысхьащ. Къекlэрэхъуэкlри, сыщlэхащ, 1982 гъэм щегъэжьауэ 1985 гъэм нэсыху Инджылызым сыщыщlэжащ.

- Дипломатическэ лэжьыгъэм упэрытуи?

- АтIэ. Иужькlэ Генеральнэ штабым, адэкlэ 1990 - 1993 гъэхэм кърибыдэзу илъэсищэр ныкъуэкlэ ГДР-мрэ ФРГ-мрэ сыщlащ. Нэхъ иужьыжкlэ, 1993 гъэм и кlэухым щегъэжьауэ нэгъуэщI къэралхэм япыщlа дзэ-техникэ зэдзлэжьынымкlэ Iэнатlэм сыхэтащ: «Роствооружение» къэрал компанием, «Рубин» конструктор бюром, иужькlэ МЧС-м. 2012 гъэм Москва областым и правительствэм сыхэтащ, адэкlэ УФ-м Зыхъумэжыныгъэмкlэ и министерствэм и «Славянка» акционер зэгуэныгъэ зэIухам и Iэтащхьэу сыщlэтащ.

Къэрал къулыкъум сыкъыхэхыжа ныужь бизнес-проект зыбжанэ зэтезгъэуващ, инженер-техникэ хэха къыщlэзгъэкlи Iэнатlэ нэгъуэщI къэралхэм я лIыкlуэхэр зэту къызэIуехащ. 2014 гъэр къэмысу, санкцэхэр кьыдащlыпlэн япэкlэ, ди лэжьыгъэм и процент 90-р Урысейм щlэзэтедгъэуващ.

Адэкlэ 2014 гъэр къэнэхуащ, Кърымым и Iуэхур къыкъуэкlащ.

Си гъащlэ гъэзгуанэ нэхъыщхьэр Севастополь щезгъэжьащ. Урысейм и дзэ-тенджыз щlыхьым и къалэм зыгъэпсэхуакlуэ сыкlуэуэ сыздзэщlым, лъэныкъуэ зезмыгъэзу, сыхьыхьэн хуей хъуащ Киев конституцэм къемызэгъуэу правительствэр щытрадзу Украинэм властыр нацистхэм щафыда нэужь а хьIтIыу ныкъуэм къыщlыхуэ Iуэхуэр.

Абы екъэлIауэ жысIэнщи, иджы дыдэ къэсщlащ си адажьхэм ящыщ зыр, Смоленскэ губернэм къыщlалъхуар, тенджыз офицеры, 34-нэ флот экипажым и лейтенантыр «зекIуэ къыщlикlыжьым, Севастополь зыхъумэхэм яхэту 1854 гъэм жэпуэгъуэм и 24-м еханэ бастионым и люнетым деж» зэрыщlаукlар. А псалъэхэр дыщlэпскlэ тратхащ къулыкъукIэ къабгъэдэхуэ къкlэнхэр щагъэзащlэм флотым и офицеррэ матросу лIэщlыгъуэ кlуам и пэщlэдзэм зэкIуэдахэм я фэеплъу Кронштадт и Тенджыз Никольскэ члисэм щагъэува мывэ упщlэ пхъэбгъум. Щlалэ-лIыхьужьыр илъэс 22-м ита ар.

Кьыыгурыlуэу къыщlыкlынщ: сэ фIэкlыпlэ зимыIэ си кьалэнт Кърымым и къэкlуэнум теухуа референдумыр мамыру егъэкlуэкlынымкlэ схуэзфIэкl псори злэжьыну!

Кьыхэзгъэщхьэхуэкlыну сыхуейт: япэрей зэманхэм Урысейм и щlынальэу щыт Кърымым и къэкlуэнур Севастополь хъумэным хуэгъэзауэ ирагъэкlуэкl зауэхэм къыщlэзгъэгъэпэщыгт. Ауэ 2014 гъэм и гъэтхэм а щlынальэм и къэкlуэнур зыпыщlауэ щытар псом япэу Симферополщ. Iуэху нэхъыщхьэ дыдэхэри щекlуэкlари ахэр щаунэтlари мы щlыпlэрщ.

Тхьэм и щыкуркlэ Кърымым унафэщI нэсхэр иIэу къыщlэкlащ. Апхуэдэт Аксёнов Сергей, а зэманым «Урыс зэкъуэтынигъэ» партым и пашэр, Кърым Автономнэ Республикэм и Совет Нэхъыщхьэм и унафэщI Консатинов Владимир сымэ. Ар Кърымым щыпсэухэми Урысейм ихэми я дежкlэ екъуэлIэныгъэшхуэт. Абыхэмрэ я лэжьэгъуэхэмрэ - Кърым Автономнэ Республикэм и Совет Нэхъыщхьэм и депутатхэмрэ, щlынальэм Iэлэткlэ щыхаха адрей органхэм я лIыкlуэхэм, Кърымымрэ Севастополрэ яхъумэн папщlэ зэгухьа къарухэм, ополченецхэм, Кърымымрэ Севастополрэ я «Беркут» гупхэм яхуэзфIэкlащ лъыгъажэ къызэмыкlыу референдумыр ирагъэкlуэкlын икlи хьIтIыгу ныкъуэр Урысейм хагъэхьэжын. Зэрыгурыуэгъуэщи, мыхьэнэ хэха иIащ Путин Владимир Владимир и къуэр ткIийуэ Iуэхум зэрыбгъэщlыхьэм, мы щlынальэм исхэм къагъэувахэр абы зэрыдиIыгьам, щlалъхуа Хэкум гухьэжыну Кърымым щыпсэухэр зэрыхуущlэкъур гулыытэншэу къызэримыгъэнам.

Нэхъ сыщlэмыгъэ дыдэу щытащ къэралыр къулыкъум сызэрыхьхьэжар.

Кърым Республикэмрэ федеральнэ мыхьэнэ зиIэ Севастополь кьалэмрэ Урысей Федерацэм и правовой, экономикэ, хозяйствэ хабзэхэм тегъэувэныкlэ къалэнхэр 2016 гъэм и гъэмахуэм ирихьэлIэу гъэззащlа хъуащ икlи а субъектхэр Ипщэ федеральнэ округым хыхьащ. Сэ хэхъуэрым и Унафэщlым Кавказ Ищхьэрэм сыкъыкlащ - ар си дежкlэ пщlэшхуэу къызолъытэ.

Апхуэдэу Пятигорск сыкъэкlуа хъуащ. Президентым ищlэртэкъым си адэ-анэр, си шыпхъур мыбы зэрыщыщlалъхьар, сэри мыбы сыкъэкlуэнкlэ хъуну...

- Гъащlэр аращ.

- Пэжщ ари гъащlэм къысхуиухат... Сытыт адэкlэ фызыщlэупщlар? АтIэ, си зэхэщlыкlыр зэтеувэныкlэ, зэгурыгуэгъуэщи, нэхъыщхьэхэм ящыщу щытащ унагъуэр, школыр. Гъэсэныгъэр тэмэму къызэгъэпэщат - пионер, комсомол организацэхэр щыIэт, адэкlэ Уэрамми гъащlэм и дерсхэр щыдгъэтэрт. Си анэм лэжьыгъэм сыхуигъасэрт. Ди адэр си дежкlэ фIэкlыпlэ имыIэу сызэдэуIэн хуей цIыхут. Дзэ къулыкъущlэхэм я унагъуэ куэдым зэрыщlахьэзэу, «джыдэкlэ» дыкъэIуIущlэхьырт. Иужькlэ, балигъ сыхъуауэ, апхуэдэ Iуэхуэр игу къыщlэзгъэкlжьым, абы жиIауэ щытащ: «Сыт къысхуеубгъэкlуэкlхэр? Апхуэдэ зэи къэхъуакъым!» Ауэ сэ ар сыткlэ сщlигъупщэнт... Арати, адэкlэ къыщlигъужащ: «АтIэ къомылэжьауэ жьпlэну ара, пщlар пщlэжьртэкъэ?». «Схуэфащэт. Ар къыщlэзлэжьар нобэми сощlэж».

Зэрыгурыуэгъуэщи, егъэджакlуэхэм, зэмандирхэми, си ныбжьэгъухэми куэдым сыхуигъэджащ, езы гъащlэм сригъэджащ. Си командирхэмрэ си ныбжьэгъухэмрэ щlыхуфI защlэт. Абыхэм ящыщ куэдым иджыри сапыщlащ.

- Уэ гарнизонхэм, уи адэр Закавказьем зэрыкlуам ущытепсэлъыхьыжкlэ, си нэгум къыщlохьэ «Офицерхэр» фильмыр, казармэм хиубыдэу щlэупсу щlыпlэр ящlэдзыжьыкlэ къыпагъэщхьэхуэкlауэ зэрыщытар...

- Пэж дыдэщ! Хэбдзыни хэпlлъэни щымыIэу зэщхьщ!

- Си къуэри тенджыз флотым хиубыдэ аджапlэм щlэсащи, зэрырагъаджэу щытам къудэ топсэлъыхьыж: абыи зи гугъу ищlыр а уэ жьпlэ дыдэхэр аращ. Нэгъэщlу жьпlэмэ, илъэсхэр макlуэ, ауэ системэр мыхьэйуэ хъунэж.

- Тэмэмщ, IэщlагъэлIэр зэрагъэхьэзыр щыкlэр тэмэмщ. Сэ курсанту сыщlащта зэманым дзэм ираджэкlэм ящыщу флотым хэхуахэм илъэсипlкlэ, армэм - илъэсищкlэ къулыкъу щащlэрт. Гъэсэныгъэр ткIийт, ауэ тэмэмт. Севастополь дзт дзэ-тенджыз аджапlэ нэхъыщхьэм зэщlыгъуу щыIэ 550-рэ дыщlэтlысхьати, къэзыухэр 350-рщ. Куэд къыпыхуащ... Апэ, етIуанэ курсхэм тэмэму зэремыджэм папщlэ къыщlадзыжу щытамэ, иужькlэ щхьэусыгъуэ нэхъыщхьэр ягъэува хабзэхэр ящlэрызэпаудырт.

Iэщlагъэм тэмэму хурагъаджэ къудейтэкъым, ар фIыуэ ирагъэпlагъуэт, хэкум хуэпэжу ягъасэрт. Еджапlэр къзэыухэхэм ящыщ дзтхэнэ зыми и дежкlэ нэхъ хьэлъэ дыдэр тенджызым техьэнухэм хамыгъэхуамэт. Ар удын хьэлъэу зыхащlэрт!

Куэд хэкlуэдащ, къхъухьэм мафIэм щисащ. Дзэри Атлантикэ Ищхьэрэм гуэзвэгъуэ дыщыхэхуауэ щытащ. Ди псыщlагъырыкlуэ кхъухьэр здэкlуэ хъуну кууагъым фIэкlым ехащ. Ар къыщlыхъуар 1974 гъэм мэкъуэгъуэрэ и 22-м пщэдджьыкlэ сыхьэти 4-рщ... А гуэзвэгъуэм дыкъикlащ кхъухьэм иса псори Iэкlуэльакlуэу ягъэкlуа

(Iэхъуэкlр 3-нэ нап.).

(КІэухыр. ПэщІэдзэр 1, 2-нэ нап.)

Мыбы сытыр псэу цыхухэр жаІам сытым дежи тетщ,

Адэкіэ жысІэнщи, гурыІуэгъуэщ «Вбой идут одни старики» фильмыр, Гайдай и фильмхэр, Рязановым и фильмхэр фІыуэ зэрысЛъагъур. Псоми дощІэ абыхэм я Іэдакъэщэкіэхэр зыфІэмыгъэщІэгъуэн къаралым къэзэрыщыгъуэтыгъуэйр.

Музыкэм щыщу сокет эстрадэм нэхъ сыдекъэх. НэгъуэщІ къэрал эстрадэм щыщу сфІэгъэщІыгъуэн Синатрэ Фрэнк, Дассен Джо и музыкэр.

- Иджы Іуэхум нэхъ емыкъэлІа хуэдэу щыт зы упщІэ. Зэгуэр зэхэсхауэ щытащ мыпхуэдэ хъуэхъу: «Псалъэ быдзэм, Іэпкълъэпкъ быдзм, Іуэху быдзм папщІэ!» Иджы уэ, адмиралым сыноупущІыну сыхуейщ - цІыхуэм и гъащІэм папщІэ а Іуэхуищым сыт хуэдэ мыхьэнэ яІэ?

- Пэжыр жыпІэмэ, апхуэдэ хъуэхъу иджы апІэ зэхэсхыу аращ. Ауэ сигу ирохь! Псалъэ быдзм урысыбзэм мыхьэнэу тІу щІыщ. Зыр хъуанэщ, пэжхъэ? Ауэ нэгъуэщІ. Мыхьэнэм и ІэнкІэ хъунущ: псалъэ птамэ-жыпІэм тет.

Ялэ мыхьэнэм и гугъу пщІымэ, апхуэдэ псалъэхэр цІыхубзхэмрэ сабийхэмрэ зэхахьу жыпІэ хъунукъым, цІыхубзхэм къажьэдэкІынри къеэзгъыркъым. Ауэ флотым... Апхуэдэ псалъэхэр къыщыхэдгъахуи къохъу *(погуфІыкІ)*. Апхуэдэм деж псори занщІэу къагуроІуэ. Арыншамэ, щабэу ущыпсалъэм деж, цІыхуэм къащыгугъыІуэ щыІэщ. НэгъуэщІу жыпІэмэ, сыт хуэдэ псалъэмэ езым и эзмэн иІэщ. Ари урысыбзэщ - апхуэдэу...плъыфэхэмкІэ гъэнщІауэ *(къыпогуфІыкІ)*.

Іэпкълъэпкъ быдзм утепсэлъыхьмэ, цІыхуэр зэгугъуэкІи, зигъэзэн хуейуэ аращ. Дэ абы дыщцыхъэсащ езы флотым. Абы и лъэныкъуэкІэ мыпхуэдэ хабзэ щыІэщ: «пхуэмыщІэмэ - уедгъэсэнщ, ухуэмеймэ - уедгъэзынщ». Ар хабзэ тэмэщІ. Абы къыжІыну физкультурэр зэпымыууэ си Іэпэгъуэ щытын хуейуэ къызолытэ, си ныбжьэгъуэхэр абы хузоунэТ. Дэ пщдджыжь къэс километри зэпыдоч, зарядкэ дощІ. Шым сышэсу щІэздзащ.

Іуэхум хуэгъэзауэ... ЦІыхуэху нэсым и дежкІэ Іуэхур гъащІэм щынэхъыщхьэщ. Іуэхур нэсу щыдэбгъэкІыен дежи гупсэхуГуэ богъуэт. Сытыми дежи цІыхуэ ІтащІэм хэтми, хъарычэт Іэнатіэм пэрытми. Сытым дежи кІалэн пыухыкІаэр зыхуиГэзувРэ ахэр игъэзащІэу екІуэкІын хуейщ.

Иджыпсту дэ дыхопльэж полномочнэ лІыкІуэм и дежи щыІэ чэнджэщакІуэ, гъэзыкуакІуэ органхэм - советхэмрэ комиссэхэмрэ зэфІагъэкІаэхэм. Сэ къыззэрыслъытэмкІэ, зэІуІэхэр нэхъ мащІэ яІэщ нэхъыфІщ: псалъэмакъэхэр гъэмэщІауэ, мурад пыухыкІаэр зэгъэхъуЛІэным льэбакъэуэ зырызу хуэкІуэн хуейщ. Хэубыдыкіауэ зыгуэр яубзыхуамэ, ар и кІэм нэгъэсыпхъэщ.

Іуэхур зэи мыщхьэмыпэу щытын хуейкъым. Атіэми, ар цІыхухъэм хуэгъэзамэ. Ди жагъуэ зэрыхъущи, иджыпсту цІыхубз куэдым яГъэзэщІэн хуей мэхъу цІыхухъу Іыжьыгъэкэ. Сэ къыззэрыслъытэмкІэ, цІыхубзыр ныбжьиГъэщІар унагъуэмрэ унэмрэщ. Абы сабийхэр гъэсэнщи щІыгъужу. Ипэжыпіэкіэ ар лэжьыгъэ хьэлъэ дыдэщ.

Ауэ иджыпсту псори хуитыныгъэкІэ зэхуагъэдащ... ЦІыхубзэмэ захъуэжащ...

- Псоми захъуэжагъэнкъым. НэгъуэщІкІэри щыІэщ...

- Тхъэм и шыкуркІэ, щІэщ. Ауэ гуп пыухыкІа ятІэ, ухэпльэмэ, уолъагъу цІыхубз куэд зэрылажэр. Абыхэм нэхъ укъагъэпэж, нэхъ тегушхуауэ, нэхъ губзыгъэу, нэхъ жэуапльныгъэшхуэ хэлъу я къалэнхэр яГъэзащІэ. Іуэху мыхъумыщІэхэми дахьэхэр нэхъ мащІэщ...

- Тенджвэ Іуэхум пыщІауэ иджыри зы упщІэ сиІэщ. Уэ, флотым хэта цІыхуэм, кІэкІуэкІ ІтащІэм хъыщыбгъэсэфэным хабзэ пыухыкІа гуэрхэр къыпэна? Псалъэм папщІэ, ткІийуэ зы зэманым тету пщэдджыжьым укъэтэджу...

- ТкІийуэ зэман пыухыкІам тету пщдджыжьым къэтэджынкІэ хабзэу здэщыІэр тенджвэз флотым и закъуэ. *(къыпогуфІыкІ)*... Сызэресауэ, пщэдджыжьым жьыуэ, сыхьэтихым деж, сыкъэотэдж. Пэжщ, флотым щыІэ хабзэ гуэркэри къысхэнащ. Псалъэм папщІэ, си унэм зэманыуэ цІыхубзыщ. Андреевскэ дзэ-тенджвэ ныпыр. Абы Урысейм и ныпыр щІыгъуэ. ТекІуэныгъэм и махуэм сэ Севастополь щызоІэт ТекІуэныгъэм и Бэракъэмрэ сэ зэманым щыІа дзэ-тенджвэ ныпымрэ. Сыту жыпІэмэ, сэ зэманым щІэту ди адэшхуэхэм фашизмэр зэтракъутащ. Сэри а ныпым сыщІэту флотым къулыкъу щысщІащ.

Махуэшхуэ къэс, ятІэхэм дыгушІэу зэрыжьІтІэу щытам хуэдэу, «революционнэ» махуэхэм и ныбжьэгъуэм сахуоз. ТекІуэныгъэ Иным и махуэм, Дзэ-тенджвэ флотым и махуэм, хабзэ хъуауэ, Севастополь сокІуэ икІи дзэ офицерым и фащэр сщыгъыу парадым сыхэтщ.

Мазаем и 23-м си ныбжьэгъуэм сащІыгъуэ Хэкум и хуэмакІуэм и махуэр, ятІэм Совет Армэмрэ Дзэ-тенджвэ флотымрэ я махуэкІэ дызэджэу щытар, догъэльапІэ. Кэдым иджыри а махуэшхуэхэм ятІэм зэреджэу щытар нэхъ къащтэ, абыхэм си пхъурылъхъуныгъуэхэр яхэту. Апхуэдэу ТекІуэхэм и 19-р псыщІагъэныгъуэ флотым и морякым и махуэщи, флотым къулыкъу зэрыщытщІар, ди ныбжьэгъуэр дигу кьыдогъэкІыж. НэгъуэщІ фэеплъ махуэхэри щыІэщ.

- Зэгъусэу къулыкъу зыщІахэр фызэІуІэфрэ?

- Шэч хэмылъу. ҐъащІэм дызэбгрдзащ, щІыналъэ щхьэхуэхэм дыкъыщыщІидзащ... Сэ зы ныбжьэгъу гуэр сиІщ, Рымарь Анатолий. Ар псы щІагъым авалангкІэ екІыныкІэ ІэщІагъэлІщ, Урысейм и Лпхъэжьщ.

Дэ зэгъусэу къулыкъу щытщІащ Ищхъэрэ щІынальэм, иужькІэ ар авианавтхэм я гупым хагъахьащ. Хабзэ зэрыхъуам тету, илъэс къэс дыгъэгъаззэм и 9-м - Лпхъужьхъэм я махуэм - Кремлым дыщызэхуозэ. Иджыпсту ар Питер щопсэу.

НэгъуэщІ си зы ныбжьэгъу - Шкуриный Володэ - илъэситІкІэ сэр нэхъэр нэхъыжьщ, абы и Іуныджэм сыфІэлІыкІыу щытащ сыт щыгъуи. Абы и чэнджэщІкІэщ сэ Севастополь щысэу щытар, абы дэт Дзэ-Тенджвэ инженер училищэ нэхъыщхьэм сыщІэтІысхьэну. Ищхъэрэ щІынальэм дыщцыхэзыззауэ щытащ. Иджы дызэфІэкІуэдыжауэ жыпІэ хъунущ. Иджыблагъэ абы телефонкІэ зыпыкъщІати, си гуапэ хъуащ дызэрэзэрыгъэтыжьар, езыри къыщыгугфІыкІащ. Ар Псыхуабэ къэкІуэну къезгъэблэгъащ. КъэкІуэну и мурадщ. Дэ ди адэхэми зэгъусэу ВДВ-м къулыкъу щащІащ. Абы си адэр щІыкІуэу, пщІэи къыхуищІу щытащ. Си адэм и кхъащъхьэм къэкІуэну и нэ къызэрикІыр къыжжІащ. Володэ цІыкІу зэтетщ, дзыхь зыкуэпщІ хъунщ. Иджыпсту пенсэм щысщ. СеВастополь дэт Дзэ-Тенджвэ инженер училищэ нэхъыщхьэр 1969 гъэм дыщ медаль къыхуагъэфащэу къыухащ, абы щІэсыхукІи СССР-м тенджвэ многоборье спорт лІэужьыгъуэм и мастер хъуни хуэзфІэкІаэу щытащ.

Зэманыр псынщІэу блолъэт. Иджыкъэ псынщІэу... Псори дяпэкІэщ жыпІэу уогупсыс. КъызэрыщІэкІымкІэ, псори зэхуэдэу жьы мэхъу, ауэ ухыгъэм дэтхэнэ зыми пІалъэ хэха къытхуиухащ...

- Олег Евгеньевич, мыпхуэдэ упщІэ сиІэщ. Флотым, армэмк, ґъащІэ къызэрыгуэкІми цІыхуэм и Іуныджым мыхьэнэшхуэ щиІэщ, абы и ІэщІагъэм зэрыхищІыкІым и мызакъуэу. Апхуэдэ Іуныдж зыбґъэдэлъу къэплъэтэр, узыфІэмыкІыжьым щапхъэгъэлъагъуэу уиІэр хэт?

- Шэч хэмылъу, щІэщ щапхъэу къыгъуаГъэлъагъуэрэ дызыщІапІыкІаэри. Си дежкІэ, флотым зи гъащІэр пыщІа цІыхуэмкІэ, уебгъэкІа адрей цІыхуэхэу псоми хуэдэу - зи Іуныджыр зэсхьэтуэ, сыфІэлІыкІыу щытар си адэрщ.

ЦІыху щэджащэхэм ящыщу си дежкІэ апхуэдэу сыт щыгъуи щытащ икІи къонэж Ушаков Фёдор. Ар «пэшым щІэс» адмиралу щытакъым, тенджвэз ФІыцІэ флотыр къызэригъэпэщащ икІи тенджвэз ФІыцІэр урысхэм я тенджвэз ищІащ. Ушаковым и дзэм Корфу деж щригъэкІуэкІа зауэшхуэм теухуауэ Суворов Александр Василий и къуэм жиІауэ щытащ: «Сыт Корфу деж сыщІыщымызэуар, нэгъуэщІ мыхъуми мичмани!» 2001 гъэм Ушаков Фёдор щихъэхэм халъытауэ щытащ.

Апхуэдэуи Нахимов Павел Степан и къуэр... 1853 гъэм абы тыркухэм къафІэкІыащ ди парус, флотым и иужьрей зауэшхуэр - Синоп деж щекІуэкІар. ИужькІэ, Севастополь ятху яхъумэжьыкІуэ щыІэхуэм, урыс сэлэтхэм, хьдзэлІхэм щахъэ яригъэлъагъуу зэуащ, Малахов Іуащхьэм деж щыгъэкІуэдзэ щытащ.

А зэман тельыджэм лІыхъужь куэд къыдэунэхуат. Корнилов Владимир Алексей и къуэр, Севастополь хъумэжьным хуагъэпса штабым и унафэщІыр, ари Малахов Іуащхьэм деж щыгъэкІуэдауэ щытащ. Урысейм и хуэщ щэджащэхэт ахэр!

Кузнецов Николай Герасим и къуэри, дзэ-тенджвэз къарухэм я цІыхубз комиссарыр, цІыху тельыджэт. Абы и закъуэщ, зыми емыдалІуэу, 1941 гъэм мэкъуаугъэгъуэм и 21-м зауэлІхэр кьыщІэкІынэу щІэтыр. Абы и фІыгъэкІэ хэщІыпІэ щыІэ щІэзыІэтэу къым. Совет Союзым и флотым и адмирал Кузнецовым и ґъащІэр гугъуу къекІуэкІащ. Адмирал щыпкъэт ар!

Суворов Александр Василий и къуэм, урыс дзэзешэ щэджащэм, Севастополь - Урысейм и Ипщэ лъэныкъуэм и тенджвэз быдапІэр - ихуащ. Аращ къалэр хъумэным хэгъэпса ухуэныгъэхэр зэрыщытын хуейр зыубзыхуар. Ди зэманым къэсар Константинэжьэ, Михайловскэ батареехэм я закъуэщ. Константиновскэр 2014 - 2015 гъэхэм зэрагъэпэщыжащ. Иджыпсту абы музейрэ Урыс географие зэгухъынтІэм и къудамэу Севастополь щылІэмрэ щолажьэ. Ахэр зэвгъэльагъуну чэнджэщ фызот, икъукІэ гъэщІагъуэн хуэд щыІэщ абы. «Урыс гъатхэ-2017» регатэм щыгъуэ сэ абы щыт Кавказ Ищхъэрэ федеральнэ округым экспедициэ щІынальэхэм я ІтащІэхэр. Абыхэм ялъэгъуащ зэрагъэпэщыжа Константиновскэ батареер икІи хуабжьу яГу ирихьащ...

Шэч хэмылъуи, Кутузов Михаил Илларион и къуэр... Апхуэдэуи пщІэшхуэ хузощІ урыс генерал, куржы дыжьназ Багратион Пётр Иван и къуэм, ди Хэкум папщІэ зауэурэ Бородино и губгъуэм зи щхьэр щыхэзыльхьам.

А сатырым хэтщ Жуков Георгий Константин и къуэри, Рокоссовский Константин Константин и къуэри...

Сыт щыгъуи щыІэщ щапхъэ зытепхыну ухуей цІыху щыпкъэхэр.

- Ди зэманым и цІыхуэм ящыщщэ?

- Сэ Урысей Федерацэм и Президентым и полномочнэ лІыкІуэу сыщытщ. Си унафэщІым и гугъу сыщыпІэкІу къемызэгъщ *(къыпогуфІыкІ)*. Ауэ гушыІэр хэкаму - дз, шэч хэмылъу, ди кІэн къикІащ Путин Владимир Владимир и къуэр къэрал унафэщІу дызэриІэмкІэ. Ауэ къызэрымыкІуэу ди кІэн къикІащ, сыту жыпІэмэ, ди къэралым и тхыдэм къызэрыхэщыжьмкІэ, унафэщІыр зыхуэдэм икъуэкІэ мыхьэнэшхуэ иІэу щытащ сыт щыгъуи. Ди деж зэрыщыщытыщи, унафэщІыр тэмэммкІэ - къэралым зеужь, абы зыкІи хэмылъхьэщІ, хьэп-щэн зэтет зимыІэ теувэмэ - абы гугъуехьэр къыдокІуэ.

Владимир Владимир и къуэр цІыху губзыгъэщ, щэныфІэщ, лэжьакІуэшхуэщ, сытми хещІыкІ. Урысейм и хэкупсэ щэджащэщ. Къапщтэмэ, иджыпсту ди къихуэдэжыгъэ нэхъыщхьэр - цІыхуэхэр хэкупсэу щытынырщ. Абыкіэ Президентым псоми щапхъэфІ деГъэльапІэу. Ар мыхъэтэмэ, къым «Урыс гъатхэ» щІэзэнэтэкъым, хьтІыгъуныкъуэм щыпсэуэхэм референдумым къыщагъэльэгъуа я Іуэху епльыкІэр лъыгъажэм хуэкІуэнут.

Апхуэдэуи, шэч хэмылъу, пщІэшхуэ дыдэ хэсущІ зыхъумэжьныгъэмкІэ министр Шойгу Сергей Кужует и къуэм. ИкъуэкІэ унафэ Іущ ищІат Президентым, ар а къулыкъум щигъэувам щыгъуи.

Сэ Шойгу сыдэлэжьащ илъэс 12-м нэблагъэкІэ. УнафэщІ куэдым садэлэжьащ сэ, ауэ ар къэрал къулыкъущІэ Іущщ, зэбгрэпщэн щымыІэу. Лэжьэнми къэралым къулыкъу хуэщІэнми хуэІэзэщ. ИкъуэкІэ цІыху зэтетщ. Сергей Кужует и къуэр ящыщщ и унафэм щІэтхэм дзыхь яхуэзыщІэхэм икІи жэуапльныгъэшхуэ зыпылъ хьэдэхэм. УнафэщІым и кьалэн нэхъыщхьэр лэжьакІуэ гупыр эощІигъэуІэнырщ икІи кхъыхуагъэув кьалэнхэр гъэззащІэм ахэр хуиунэтІыфынырщ. Пащтыхьыр пащтых зыщІыр и блигущІэтхэращ, жаІэ. ЦІыхуэхэр тэмэму зэхущытмэ, зэакъылэгъумэ, гупыр зэдэууэ зэдэлэжьэнущ. Сергей Кужует и къуэм апхуэдэ щытыкІэ къызэригъэпэщын хуэзэфІокІ. Ар лэжьыгъэм зэи зэран хуэхъуржьым щдээпыкъу фІэкІа. Абы и унафэм щІэуба нэужь, ЗыхъумэжьныгъэмкІэ министерствэм псоми зыщихъэужащ! Жылагъуэр армэм зэрыхуущым пльагъуурэ зихъуэжащ.

ЗыхъумэжьныгъэмкІэ министерствэм щыІэщ сэ ныбжьэгъуу къэслъытэ генерал, офицер щыпкъэ куэд. Си ныбжьэгъуущ ВДВ-м и командующэ Сердюков Андрей Николай и къуэр, ПщІэ зэхуэдэуа генералыр, апхуэдэуи зи Іэщ Іагъэм хуэІэзэ нэгъуэщІ цІыху куэди.

- Уэ ухьгъэм и гугъу пщІащ, икІи, пэжу, ухьгъэм куэд дыдэ елъытауэ къыщІэкІынущ. Уэ мыбдежми лъабжьэ ущиІэщ, Урысейм и Ищхъэрэ щІынальэм укъыщалъхуами...

- Псков областым, Остров къалэм сыкъыщалъхуащ. Пушкин бгыхэм ятІэгъэнэ ІуІу.

- Иджы Уэ, апхуэдэу жыпІэ хъунумэ, уи лІакъуэм и кхъьапІэм. Кавказ Ищхъэрэм кхъбгъэзэжащ. Апхуэдэу иухат. Ауэ сэ иджыпсту зи гугъу щыІэр лэжьыгъэракъым, ґъащІэращ. Сыт хуэдэу къыпщыхьурэ уэ Кавказыр - абы и щІыуэпсыр, цІыхуэхэр, зэхущытыкІэхэр? Уи гур щыбґъэтІылъэрэ мыбдеж?

- Мыбы и щІыуэпсыр тельыджэщ. Кавказэ Къурмэ и ужьхІи зыхуэбґъадэ хъун щымыІэ щІынальэщ. Дунейр уэфІу уакъыщыщхьыхьэмэ, Кавказ къуршышхуэхэм, Іуащхьэмахуэ уи гур ятхьэкъу. Сэ лэжьыгъэ Іуэхур къэрал Іэджэм сыщыІащ, дуней псор кхъызэскІыхьауэ жыпІэ хъунущи, мыбдеж щІэ дахагъэм хуэдэ щыпІэ куэдым щыпльагъунукъым. ЦІыхуэпс щытыкІэри хьэуари икъуэкІ фІыщ, Мыбы щыпсэу цІыхухэри тельыджэщ.

- Я щІыкъу щыкІэр, зэхэтыкІэр адрейхэм къащхьэщыкІрэ?

- НтІэ, къащхьэщкІ. Языныкъуэ щыпІэхэм - псом хуэмыдэу къалащхьэхэм - цІыхуэм и псалъэм мыхьэнэшхуэ щиІэкъым. Мыбдежьм, уэ цІыху хуэдэ цІыхуу ущытмэ, бэм апхуэдэу уахуущытын хуейкъэ-тІэ, - уи кьалэнхэр тэмэму бґъэзащІэмэ, уи кьулыкъу къзбґъэсэбэпу уи щхьэ Іуэху дзбґъэкІыным утемылажэмэ, псори тэмэм хъунущ.

Мыбдеж щопсэу я псалъэм тебґъуэтэж цІыхуэхэр. Апхуэдэуи Іуэхум ета цІыхуэхэр. Аэрэри Кавказыр адрейхэм кьахэзыґъащхьэхукІщ. Сыту жыпІэмэ, мыбы цІыхуэхэм щахэлъ гъэсэныгъэм и лъабжьэр абыхэм Іыхьлыхэмрэ зыхэтхэмрэ я пащхьэ щахъ жэуапльныгъэщ.

Ди жагъуэ зэрыхъунщи, Іыхьлыгъэ яку дэлъ зэпыщІэкІынкІэ законым и щхьэ щІэхъ-щІэхьырэ къыщыкІуи щыІэщ мыбы. Кавказым щыщ цІыхур нэгъуэщІ щынапІэ кІуамэ, ар законым тэмэму тетщ, ауэ мыбы къэзІуэкжамэ, «къуэш нэхъыжьым» къыхуищІыну унафэм иопльэ, апхуэдэ щхьэхуэныгъэхэр щыІэщ...

Зэрыщыту къащтэмэ, сэ мыбдеж си гум зыщІегъэпсэху. Си анэм зэпымычу жиІэу щытащ: «Псыхуабэ хуэдэу фІыуэ папэ дзщ зыщІыпІи дыщщтэсуакъым». Си адэми фІы дыдэу илъагъурт Псыхуабэ. Ди анэр дунейм ехьжу абы и закъуэу къэна нэужь, и ныбжьри илъэс 85-рэ хъуауэ, си шапхъэмрэ сэрэ мурад тщІащ ди адэр Москва тшэжьну. Псори зэфІэгъэхьэщ, тшэжри мазищкІэ щыпсэуауэ абы къызжиІащ: «Сыхуейкъым сэ фи Москва, сэ Псыхуабэ согъэзэжкІ!». Сэ жызоІэ: «Ар дауэ, си адэ! Дэ псори - уи пенсэри, уи тхьлъэри кьедґъэхьыжа къудейщ!..» *(къыпогуфІыкІ)*. Апхуэдэу езым и деж, Кавказым кІуэжауэ щытащ!

Аращ-тІэ, къалащхьэм нэгъуэщІ хабзэ, зэхэтыкІэ къыщокІуэкІ, мыбдежым псори езым и псэм пэгъунэгъут. Зэпымычу кІэлъыплъырт МафІэ мыуэхыьм, ветеран-гъэсакІуэу щылащ. «Зарница» джгуэр иритэжкІыырт, зауэм и ветеранэм я зэгуэхьэныгъэ Псыхуабэ щылажьэм жыджэру хэтт. Ар хэкупсэ нэсу, жыларгуэ лэжьакІуэшхуэу щытащ... ИкъуэкІ цІыху жант, захуагъэм и телъхьэт, щыпкъэт. 1991 гъэм къыщыщІэдзауэ зэкъралым къыщекІуэкІаэр ди адэм игу ирихьыртэкъым...

Зауэ зэманым ди адэм кхъхьылъэтэзэехуэхэр щрагъэджэу Иркутск дэта училищэр пІалъэ кІэщІ дыдэм къыхури, абы и уэжькІэ Сталинград ягъэкІуащ. Ахэр абы зэрыкІуэ кхъхьылъэтэр нэмыцэхэм къраудыхащ, ауэ кхъхьылъэтэзэехуэр ар кьигъэтІысын хуэзэфІэкІащ... ЦІыху куэд щыхэкІуэдащ абдеж, ауэ ди адэр кьелащ. Ахэр гуп щхьэхуэ ящІыкри, къэралым и къуэкІыпІэ лъэныкъуэмкІэ ягъэкІуащ икІи ди адэр зауэ ґъащІэм ІутыпУ къыхуихуэкъым, Ипонием драгъэкІуэкІа зауэм щІидзэку.

Пэжу, абы зауэм теухуауэ зыри жиІэжу щытакъым. Зэгуэрым абы и альбомыр, Ипонием зэрыщІам теухуа сурэтхэр зыдэтыр, ззэгъэдзэкІырти, къысхуэвгъэгъу, ауэ «нэгу шынагъуэхэр» кьищырт... Си адэм жеІэ: «Мыр си взводыращ». Псори щІэпэкъаджащІэжт. И щхьэкІэ кхъхьылъэ тутнакъэщхьэм кхъыщІищат. Псори езым нэхъэр илъэси 10 - 15-кІэ нэхъыжьт. Абы зэрыжиІэмкІэ, икъуэкІэ фІыуэ зэуахэт. Си адэр шууей тІасхъэщІх гупым и командиру щытащ. Зэгуэрым ахэр Квантун армэм и тылым я зэкъІуащ. Абыхэм кьалэн щащІар ягъэзэщІам и мызакъуэу, япон генералитІи ґъэр къащІауэ щытащ. Апхуэдэ кхъыэрыхъуари а зэрагъкъым...

Кавказ Ищхъэрэм сэ ящыу сыкъэкІуауэ щытащ 1974 гъэм, абы щыгъуэ ди адэ-анэр Псыхуабэ къыдэтІысхьауэ щыпсэурт. Дэ абы щыгъуэ зекІуэ дыкъикІыжауэ арат, Атлантикэ Ищхъэрэм ди кхъухьыр щыщІилъафэ пэтауи апхуэдэт. Сыкъыщалъхуа махуэр, илъэс 25-рэ сыщрикъур - си ныбжьэгъу-подводникхэр сщІыгъуу Мэшыкъуэ и щыгум щыІэ кафем щыдгъэпсэлъауэ щытащ.

ЗыхэдмыщІэурэ зэманыр псынщІэу кІуащ... Ди адэр илъэс 87-кІэ псэуащ. Ди анэр пасэу дунейм ехьжащ, ди шыпхъу цІыкІу гуузу зэрыхэкІуэдам ихьжащ ар... ҐъащІэр апхуэдэщ...

Псыхуабэ кьалэфІщ, ауэ уэзэжьыхьи хуейри и мащІэкъым. Мыбы къэд щыІэщ егъэфІэкІуэн хуейуэ. Новопятигорскэ гуэлым деж ТекІуэныгъэм и Парк щІэщІыпІщ - а лэжьыгъэм иужь дихьыкІащ. Ар паркыфІ хъунущ. Кьалэ-ПІыхьужьхъэм я аллеери зэІуэзэпэщ тщІынущ, Севастополь дэтым ецІыху. А лэжьыгъэм юнармейцэхэм кхьыхтэшнущ. Хэкупсэ мыхьэнэ зиІэ Іуэхуищхуэу увынущ ар абыхэм я дежкІэ.

- Иджы дыдэ уэ зэрдэм кхъыхэплъхьауэ щытащ Къырымым «Урыс гъатхэ» регатэр къыщыщІэзэпэщыным теухуауэ. Ар ирегатэм Къырымым Урысейм кхъыэрыпхьэжрэ илъэсищ щрикъум. Абы хэтащ Кавказ Ищхъэрэ федеральнэ округым кхъыхьэ щІынальэхэм я Іэтащхьэхэри. Къырымымрэ Кавказымрэ янэтІынныгъэ зэмылІэужьыгъуэхэмкІэ зэпэгъунэгъу зэрыхъужам нэщэнэ гуэр хэмылъу пІэрэ?

- Шэчыншэу! Къырымыр илъэс 23-кІэ Урысейм хэкІауэ къежьэкІащ. Сэ абы зэпымыуэу сыкІуащ - абы си унагъэр, си ныбжьэгъуэр щыІэт. 1999 гъэм кхъыщыщІдзауэ, Іэщ Іэ Зэщ Іэуэзэда Къарухэм сыкхъэхІыжа нэужь, Къырымым илъэс къэс щэнейрэ сыкІуэрт. Япэрауэ, Іэмал имыІэу ТекІуэныгъэм и махуэм, ар ди къэралым и махуэшхуэ нэхъыщхьэ дыдэу зэрыщытым щхьэкІэ, кьимыдзкІэ, Севастополь хуит къыщащІыжа махуэт - 1944 гъэм ТекІуэныгъэм и 9-м. Апхуэдэуи Дзэ-тенджвэз флотым и махуэм, ди унагъуэм игъэпэлпІэ махуэхэм...

А зэманым а щІыпІэм хуэм-хуэмурэ щдагъэзащІэрт урысхэм лъагъуныгъэныгъэ кхъыхуаІэнын теухуа политикэр, ди лъэпкъхэм кьадекІуэкІ хабзэхэр хэутэн щащІырт. ХьІтІыгъуныкъуэм щыпсэу псоми гу лъатэртэхьэм абы. Зэззмызэ фІэкІа ущыхьэмыхьэм ящІэ псори нэм нэхъ кьыІуедзэ, нэхъ зэхьыбощІэ. Украинибзэр тепщэ щащІырт а щІыпІэм, уэрамхэм я цІэхэр зэрахъэкІырт, КъэкІыпІэ Украинэм щыщ къулыкъущІэхэмрэ абы щыпсэухэмрэ ящыщхэу урысхэр зи гум темыхуэу кьалытэхэр абы зыґъэпсэуакІуэ яґъакІуэрт.

Украинэм и президента псори урысхэм щІагъэуэ къахущыттэкъым. Хэтиналуэ, хэти щхэку я Іуэху еплъыкІэхэр кьагъэльагъуэрт. ШэнтитІым зэуэ тесыным хуэщІэкъурт ахэри, дз яхуэтщІ хуэдчыхьыныгъэхэри кьагъэсэбэпырт. Америкэм щыщ куэди ди Іей зэрахузу щылэжьащ Украинэм, Канадэм кхІыкІыа украин диаспорэри, нацистбандеровец зэтрамыкІауэ щытахэри абыхэм яхэтыжу. Украинэ псом щекІуэкІащ я щІыхубзэр кьыштэщІагъэувэным хуэгъэзащІэ, Кьырымми ар лъэІэсащ. Американцхэр мыуэІуу я абы елэжьащ. Ауэ абыхэм Кьырымым зыри къащхьэхІапкъым. Арыншауи хьунутэкъым - Севастополь урысей кьэралыгуэм и гущаІэкъээ-тІэ ижьижьыж льандэрэ! Абы, Херсонес, 988 гъэм ди щихъ Владимир, абы и уэжькІэ зэры-Урысейуи чристан диныр кьыщащтащ. Диным зэкъуэгъэващ слаВян лъэпкъ псори. А диныжькІи Іуэхуищ. Зауэ щыІуэхэми я гум илът: «Ди диным, пащтыхьым, Хэкум папщІэ» жаІэрт.

- Мы упщІэр уэзмытын слъэкІынукъым. Уэ жыпІащ абы идеологие и лъэныкъуэкІэ лэжьыгъэшхуэ щекІуэкІауэ, уеблэмэ школхэри а Іуэхум къыхашауэ... Абы къикІыращи, щІалъэуалэм ядэлэжьэным гулыІтэ щхьэхуэ хуэщІын хуейщ. Ди щІынальэри абы хэту. ЩІалъэуалэм ядэлэжьэным гулыІтэ щхьэхуэ хуэщІын хуейщ. Ди щІынальэри абы хэту. ЩІалъэуалэм ядэлэжьэным гулыІтэ щхьэхуэ хуэщІын хуейщ. Ди щІынальэри абы хэту. ЩІалъэуалэм ядэлэжьэным гулыІтэ щхьэхуэ хуэщІын хуейщ. Ди щІынальэм щызэфІэгъэкІын хуейуэ? Уэ дауэ къыпщыхьурэ абы и лъэныкъуэкІэ екІуэкІ лэжьыгъэхэр, псалъэм папщІэ, «МэшыкІуэ» форумым хуэдэхэр, дзэ-хэкупсэ гъэсэныгъэм хуэунэтІахэр? ДяпэкІи апхуэдэ жэрдэм Ыкъыхэзыльхьэхэм защІэрэ зыкъуэну?

- Шэч хэмылъу, я псоми дэтІыгъуущ. ЩІалэгъуалэр зэкъуэгъэувэным, гъэсэным, егъэджэным хуэгъэза сыт хуэдэ Іуэхури ди гуапэу ядэтщтэнущ. Ар псори дызэкъуэту дызэгугъун хуей Іуэхущ. Абы и лъэныкъуэкІэ щІэгъэкъэжьыжьхуэщ 2010 гъэ лъандэрэ кІэзэрагъэпэщ, Іуэхуфі хуэдэ зэрыщыізэфІагъэкІыжкІэ щІэрыІуэ хуэхуа «Мэшыкъуэ» зэхуэсыр. Мышхэнэзыуэ зиІэщ апхуэдэ зэкъэхэзэм щІыхуэхэр зэрыщыізэкъуэзэвэр. Мэшыкъуэ щекІуэкІ проектхэр ядиІыгъуэ, къэралым грантхэр яхухех, зэпеуэ ґъэщІэгъэнэкэр къызэрагъэпэщ, абы фІы къызэрыкІыжри нэрылъагъуэ.

Сэ щэч къытесхьэркъым, «Мэшыкъуэ» форумым и закъуэкІэ зэфІэдмыгъэкІыу, апхуэдэ нэгъуэщІ лэжьыгъээри егъэкІуэкІын зэрыхуейм. ЩІалэгъуалэм ядэлэжьэн Іуэхум егупсысауэ, псори зэпэлъытауэ бґъэдыхьэн хуейуэ икІи ар къыщыщІдзэн хуейщ сабийр школым щыкІуагъэщІэм деж, уеблэмэ нэхъ пасэжи.

Сэ сызэрепльымкІэ, щІалэгъуалэр зэкъупсэу къэзэхъуным гулыІтэ нэхъыбэ хуэщІыпхъэщ. Аращ нэхъыщхьэ дыдэр. Хэкур фІыуэ лъагъунырт, лъэпкъ куэдым я зэкъуэтныныгъэр, абыхэм зэныбжьэгъугъэ яку дэлъынырт - аращ ущысей къэралыгъуэм и лъабжьэр.

Дэ Псыхуабэ «Зарница»-м и ещанэ щІынальэ зэпеуэхэр щедґъэкІуэкІкІащ. Мы гъэм абы хэтащ командэ 12, щІынальэ псоми кьикІауэ. ИкъуэкІэ ґъэщІэгъэну екІуэкІащ, си сызэрепльымкІэ.

Илъэс ирикуащ Урысейм «Юнармия» дзэ-хэкупсэ зэщІэхъеенныр ящыщыщІэзэрагъэпэщыр, абы и къуджамэ псори щыІэщ КИФШІ-м ыхьэ щІынальэбІлми. Къэралым и ныбжьыщІэ минищ зыхэт а зэщІэхьеенныгъэ лъэщым кьызэщІегъэуфыдзэн хуейщ ныбжьыщІэ хэкупсэ псори, дзэхэкупсэ ґъэсэныгъэм хуэґъэзауэ екІуэкІ лэжьыгъэхэри.

Мыльку щхуэуэ хилъхьэри, Урысейм Кьырымым щызэригъэпощыжащ ХэкІ-рат пчыІэ щІэзыІэтэу «Артек» лагерыр. Ар Іуэхуфі дыдэщ. «Артек»-м щыІа дзтхэнэ зы сабийми игъащІэкІэ кьыздрикьэкІыну гурыщІэ кхуоНэ. Дэ сыт зэран кьытхуэхъур ди деж апхуэдэ сабий центрхэр кьыщызэІутхьыжмкІэ? Зыр кьыхуэхъуркъым. ЩІынальэ зэмылІэужьыгъэхэм ящыщ сабийхэм зыщагъэпсэхуни щеджэни хуейщ сыткІи зыхуей хуэґъэзэн Іуэхущ ЩІапІэхэм.

ЩІапІэхэ зэхущытыкІэхэм гугъуехьхэр щыщІыІэщ. Ахэр щІынэщ, сабийр щыщыкІым къыщыщІдзауэ зэрыщытын хуейм теухуа и мардэхэр дымыгъэувмэ. Сыту жыпІэмэ, сабийм щІэх-щІэхьырэ унагъуэ

«Вагъуэ цIыкIухэр» илъэситху ирокъу

● Пшыхьхэр

Щапхъэ зытрах «Вагъуэ цIыкIухэр» сабий ансамблыр къызэрызэрагъэпэщэ ильэситху зэрырикъур иджыблагъэ Музыкэ театрым Iэтауэ щагъэлъэпIащ.

Къурашэ Эдик

ПэщIыМ тIысыпIэ нэщI зэримыIэмкIэ наIуэ хъурт ансамблым а зэман кIэщIым къриубыдэу цIыкухэм я лъагъуныгъэр къихьэхун зэрыхуэзфIэкIар. «Вагъуэ цIыкIухэм» хэтхэм, хабзэ зэрахуэхъуауэ, пшыхьыр гъэщIэгъуэну, нэгуэныжу къызэрагъэпэщат. Лъэпкым и псэукIэм, и дунейм ущызыгъэгъуазэ теплъэгъуэ хьэлэмэтхэр ирагъэлъэгъуащ къызэхуэсахэм. Ар къызэрызэIуахари пасэрей «Уэркъ къафэщ». Абы къыкIэлъыкIуащ «Уджэшэ», «Уджпыхъ», «Ислъэмей», «Мэлылхъэ къафэ», нэгъуэщIхэри. Къызэхуэсахэм Iэгуауэшхуэ хуаIэтащ Абазэ Марат «Сапхэтlэ» къафэр щигъэзащIэм. УФ-м щIыхь зиIэ и артист Ульбашев Мутай и фэеплъу ягъэува «Розы Долинска» къафэр а пщыхьэщхьэм ягъэ ягъэльэгъуащ «Вагъуэ цIыкIуэм».

ПшыхьыР езыгъэкIуэкIа **Гумэ Маринэ** къэфакIуэ гупыр зэрызэхашам, абыхэм зэман кIэщIым къриубыдэу зыIэрагъэхьа ехъулIэныгъэхэм кIэщIу щыгъуазэ ищIащ къызэхуэсахэр.

Ансамблым и махуэшхуэмкIэ ехъуэхъуну ягъэ утыкум кхьихар «Кабардинка» къэрал академие ансамблым хэтхэрщ. Абыи щхьэусыгъуэ иIэщ - «Вагъуэ цIыкIухэм» я унафэщI, КъБР-м щIыхь зиIэ и артист **Къурашэ Эдикрэ** ансамблым и пшынауэ, КъБР-м и цIыхубэ артист **Сэхъу Хьэсэнрэ** «Кабардинка»-м хэту щытащ.

Хьуэхъуэ щытхъу псалъэ гуапэкIэ щIагъэнат а махуэм «Вагъуэ цIыкIуэхэр». Концертым хэтащ «Терпсихора», «Эльбрус», «НалцIыкIу» къафакIуэ гупхэр, сабий зеиншэхэмрэ адэанэм я нэIэ щIэныгъэ къэнахэмрэ щрагъаджэу Нартан дэт школ-интернат №5-м и гъэсэнхэр.

- «Вагъуэ цIыкIухэр» ансамблыр профессиональнэ къафакIуэ гупу къэлпльытэ хъунущ. НыбжьыщIэхэр щэнхабзэмрэ гъуэзджэмрэ дегъэхьэхьынымкIэ куэд зылэжьа адэ-анэхэмрэ ансамблым и художественнэ унафэщIымрэ фIыщIэ яхуэсщIыну сыхуейщ. Нартан къуажэм ЩэнхабзэмкIэ унэ зэрыдэмытым емылъытауэ, абыхэм къыщыфэн пэш зэрагъэпэщри, загъэсэн щIадзащ. Сыхуейщ «Вагъуэ цIыкIуэр» республикэм и адрей щIыналъхэмрэ къуажэхэмрэ щапхъэ яхуэхъуну, - жиIащ КъБР-м щэнхабзэмкIэ и министр **Къумахуэ Мухьэдин**.

Шэджэм муниципальнэ щIыналъэм и щIыпIэ администрацэм и унафэщI **ТекIуш Артур** хъуэхъу псалъэкIэ захуигъэзащ ныбжьыщIэхэм.

- НыщхьэбэрэI пшыхьыр творческэ къэгапIэщхъэм фыхуэзыщэ гъуэгум и къежьапIэ хуэхъуну си гуапэщ, - жиIащ абы. - Лъэпкъым и гуфIэгъуэ махуэ куэд тхуэвгъэдэхэну, екIуу утыку фитыну, дамыгъэ лъагэ куэдкIэ фагъэлъэпIэну сыфхуохъуахъуэ. ФэркIэ догушхуэ. Псом хуэмыдэу гупым и унафэщIхэм я гъэсэнхэм я ехъулIэныгъэхэм гушхуэныгъэ къариту екIуэкIыну сохъуэхъу. Абыхэм мы Iуэхум хальхьэ къарумрэ зэфIэкIымрэ мыхъуатэмэ, иджыпсту тлъагъу ансамбль дыгъэлыр диIэну фIэщ щIыгъуейт.

НыбжьыщIэхэм ехъуэхъуну а пщыхьэщхьэм утыкум кхьихаш Дунейпсо Адыгэ Хасэм и тхьэмадэ **Сэхъуроквъуэ Хьэутий**, КъБР-м и Композиторхэм я зэгухьэныгъэм и унафэщI **Темыркъан Борис**, КъБР-м щIыхь зиIэ и артисткъ **Карчаевэ Раисэ**, лъэпкъ къафэхэмкIэ «Терпсихора» ансамблым и художественнэ унафэщI **Яврян Роберт** сымэ, нэгъуэщIхэри.

«Вагъуэ цIыкIуэхэр» ансамблыр кхьиззрызэрагъэпэщрэ куэд мыщIами, а пIалъэ кIэщIым къриубыдэу абы хэтхэм ехъулIэныгъэшхуэхэр зыIэрагъэхьэн яхуэзфIэкIащ. «Красота спасёт мир» фIэщыгъэм щIэту ирагъэкIуэкIа дунейпсо зэпеуэм Гран-при къыщахьащ, «Московская осень», «Вдохновение», «Fairy Dance», «Кубок победителей», «ХореографиемкIэ лъэпкъ саугъэт», «Приз хореографа Виктора Шершнева» къафэхэмкIэ урысейпсо зэпеуэхэм ялэ увыпIэхэр къыщыхуагъэфащащ.

«Вагъуэ цIыкIуэхэм» дяпэкIи куэдкIэ ущыгугъу зэрыхъунум и щхьхэт хъуат а пщыхьэщхьэм зэхаща концертыр.

ИНЭРОКЪУЭ Даня.

Хэт нэхъыфIу усэ къеджэрэ?

● Щэнхабзэ

Лъэпкъ къэрал библиотекэм, Мэлбахъуэ Тимборэ и цIэр зезыхьэм, усэ къеджэныкIэ ныбжьыщIэхэм я зэпеуэ щекIуэкIащ. Ар къызэрагъэпэщащ Къэбэрдей-Балъкъэрыр Урысейм зэрыгухьэрэ илъэс 460-рэ щрикъум ирихьэлIэу.

ЗэпеуэР ирагъэкIуэкIащ библиотекэм и лэжьакIуэхэу **Нанэ Ларисэрэ Мэзыкъуэ Алинэрэ**. Абыхэм ныбжьыщIэхэм ягу къагъэкIыжащ зэпеуэр зытеухуа, XVI лIэщIыгъуэм псэуа урыс пащтыхь Грозный Иван и тетыгъэм къэхъуахэм ящыщ Iыхьэхэр. Апхуэдэт Урысей къэралыгъуэ лъэщ зэраухуар икIи абы зэрызрагъэжььар, 1557 гъэм Къэбэрдейр Урысейм зэрыгухьауэ щытар, урыс пащтыхь Иван IV адыгэпщ Идар Темрыкъуэ итхэу Гуащэнэ (Мария) щхьэгъуэ зэрищIар.

Зэхьэзэхуэм и къэпщытакIуэ гупым хэтащ библиотекэм и унафэщIым щIэныгъэ лэжьыгъэмкIэ и къуэдзэ, КъБР-м щэнхабзэмкIэ щIыхь зиIэ и лэжьакIуэ **Арзанунц Александрэ**, Кулиев Къайсин и цIэр зезыхьэ Балъкъэр къэрал драмэ театрым и актисэ, КъБР-м щIыхь зиIэ и артисткъ **Будаевэ Ольгэ**, КъБР-м и Парламентым и етIуанэ, ещанэ хэхьыгъуэхэм я депутат, КъБР-м и Жыларгуэ палатэм хэт **Джэш ФатIимэ**, егъэджакIуэ **Зэкъэй Мадинэ**, Кавказ Ищхъэрэм ГъуазджэхэмкIэ и къэрал институтым культурологиемкIэ и егъэджакIуэ **Прокудинэ Наталье** сымэ. КъэпщытакIуэ гупым я унафэщIыр «Литературная Кабардино-Балкария» журналым и редактор нэхъыщхьэ, Урысейм щэнхабзэмкIэ щIыхь зиIэ и лэжьакIуэ, усакIуэ **ТхьэзэпIэ Хьэсэнт**.

Зэпеуэм я зэфIэкI щепIлъжащ КъБКъУ-м и Литературэ клубым хэтхэр, Кавказ Ищхъэрэм ГъуазджэхэмкIэ и къэрал институтым и студентхэр, Налшык кьалэм дэт курыт еджапIэхэу №№25-м, 9-м, гимназие №4-м я еджакIуэхэр, Сабий творчествэмкIэ «Дыгъэпс кьалэ» академием и лицейм щеджэхэр, КъБР-м и Жыларгуэ палатэм и ЩIалэгъуалэ советым хэтхэр, къэрэшей-балъкъэр щIалэгъуалэм зегъэужьынымкIэ щыIэ «Эльбрусоид» фондым щыщхэр.

Я ныбжькIэ зэщхьэщыхауэ зэхьэзэхуэм хэтащ илъэсиблым щыщIэдзауэ тIощI хьэхэр. Ахэр гъэхуауэ кьеджащ Урысейм, Кавказым, Къэбэрдей-Балъкъэрым ятеухуауэ КIыщокъуэ Алим, Кулиев Къайсин, Балъкъэр Фоусэт, Болатов Юруслан сымэ, нэгъуэщIхэми я Iэдакъэ къыщIэкIахэм, яныныкъуэ ныбжьыщIэхэм езыхэм ятхыжа усэхэм.

ФIым я фIыжу кьалъытащ икIи зэхьэзэхуэм и кубокхэмрэ щIыхь тхылъхэмрэ хуагъэфащащ Бахъуэ Алинэ, Нэгъуей Элинэ (Налшык кьалэм и курыт еджапIэ №9), Шэрий Арианэ («Дыгъэпс кьалэ» академием и лицей), Къэзаныш Аделинэ (курыт еджапIэ №5), Беридзе Зураб (курыт еджапIэ №9), Екъутэныдж Жантемыр (гимназие №4) сымэ. Зи усэ къеджажахэу Бэрбэч Камиллэ (курыт еджапIэ №17), Лутвиевэ Мадинэ (Кавказ Ищхъэрэм ГъуазджэхэмкIэ и къэрал институт), Энжелэ Анжелэ («Эльбрусоид» фонд) сыми щIыхь тхылъхэмрэ саугъэтхэмкIэ ягъэпэжащ.

Зэпеуэм хэтахэмрэ абы къырихьэлIахэмрэ я нэгу зрагъэужьащ республикэм и уэрэджэныкIуэ, пшынауэ ныбжьыщIэхэм.

ТЕКIУЖЬ Заретэ.

Бжэ зэIухахэм я махуэ

Урысейм Тезырхэр егъэпшынынымкIэ и федеральнэ кьулыкъум и Iуэхущ1апIэу КъБР-м щыIэм и колоние №24-м «Бжэ зэIухахэм я махуэ» щрагъэкIуэкIащ. Тутнакъэщым ис цIыкубзхэм а махуэм я Iыхьлыхэмрэ благъэхэмрэ яхуэзэну Iэмал ягъуэтащ.

ТутнакъэМ я деж зэкIуахэм яхэтт анэхэр, шыпхъуэхэр, щхьэгъусэхэр. УФСИН-м и унафэщIым и къуэдзэ Къанкъул Аслъэн абыхэм яхуэзащ икIи ахэр щигъэгъуэзащ тутнакъэхэр зэлэжьхэм, я нэгу зрагъэгъуэжьым, медициндж, социальнэ хэлъхуэщIэу ягъуэтым. Ар тепсэлъыхьащ тезырыр зыпшынхэм Iэщ1агъэ зрагъэгъуэтынымкIэ щыIэ Iэмалхэм, ахэр зыщIэупщIахэми жэуап яритащ.

АдэкIэ хьэщIэхэм папщIэ концерт екIуэкIащ. Тезырыр зыпшын цIыхубзхэм ягъэзэщIащ ди лъахэм щыщIэрыIуэ уэрэдхэм ящыщи, езыхэм анэмрэ я унэмрэ ятеухуауэ зэхалъхьахэри. Мы Iуэхум хэтыну кърагъэблэгъа уэрэджэкIуэхэм уэрэд жащ адыгэбзэкIи, балъкъэрыбзэкIи, урысыбзэкIи. Артистхэм цIыкубзхэм псалъэ гуапэ жраIащ, я унагъуэхэм узынышу ягъэзэжьыну, зыщIэгупсысыжу я гъащIэр щIэрыщIэу зэтрауху эжьыну зэрагуапэр къыхагъэщащ.

Концерт нэужьым хьэщIэхэм зыщрагъэпIыхьащ Iуэхущ1апIэм. Абыхэм ирагъэлъэгъуащ тезырыр зыпшынхэм я щыIэкIэ-псэукIэр. Сыт щыгъуи хуэдэу, Iуэхур шей зэдефэкIэ иухащ. Къыхэдгъэщынщи, ерыскъыхэр езы тутнакъ цIыхубзхэм ягъэхьэзырат хьэщIэхэм папщIэ.

Тутнакъэм я Iыхьлыхэм Iуэхущ1апIэм и унафэщIхэм фIыщIэ хуащIащ.

- Мыпхуэдэ Iуэхухэм мыхьэнэшхуэ яIэщ ягъэтIысахэм я дежкIэ. Абыхэм зыхащIэ я Iыхьлыхэм хьэрэм къызэрамыщIар, гъащIэм и купщIэр къагурыIуэныжкIэ сэбэнщ. ЗэIущIэхэр тезырыр зыпшынхэм я Iыхьлыхэм дежкIи щхьэпэщ. Абыхэм Iэмал яIэщ тутнакъым исхэм я Iуэху зытетыр зрагъэпIащIуну, Iуэхущ1апIэм и администрацэм я упщIэжкIэ зыхуагъэзэну, - къыжиIащащ Къанкъул Аслъэн.

КъБР-м щыIэ УФСИН-м и пресс-Iуэхущ1апIэм и унафэщI Зэбар Мадинэ зэрыжиIащи, «Бжэ зэIухахэм я махуэр» къызэгъэпэщыныр хабзэу зэтеувааэ къокIуэкI.

УАРДЭ Жантинэ.

● ТхылъыщIэ

КъыдэкIыгъуэхэм къахохъуэ

Лъахэхутэхэу Котляровэ Мариерэ Викторрэ я тхылъ тедзапIэм иджыблагъэ къыщыдэкIащ адыгэ тхакIуэ Мэлбахъуэ Елбэрд и «Iуащхьэмахуэ дэкI гъуэгур шынагъуэщ» роман цIэрыIуэр. Ар 2007 гъэм щыщIэдзауэ зэщхьэгъусэхэм ягъэзащIэ «Кавказ» проектым хагъэхьащ.

1980 ГЪЭМ ялэу дунейм къытехьа тхылъым и цIэупщIэр нобэр къыздэсым нэхъ кIащхьэ хъуркъым. Абы къыщыгъэлъэгъэжащ адыгэхэм пасэм я псэукIар, я щхьэхуитыныгъэмрэ я щынальэмрэ яхъумэу кърым хъаным зэрыпщIэтар, нэгъуэщI Iуэхугъуэхэри.

Фигу къэдгъэкIыжыну щи, «Кавказ» проектым хыхьэу, щхьэусыгъуэ зэмылIэужьыгъуэхэмкIэ куэд щIауэ къыдамыгъэкIыжа тхылъхэр иджы тхылъеджэхэм я пащхьэм иралъхьэ. Абы къызэщIрагъэубыдэ иджырей щIэныгъэлIхэм щыналъэм ис лъэпкъхэм ятеухуа я къэхутэныгъэ лэжьыгъэхэр, тхакIуэхэм я художественнэ тхыгъэхэр.

Тхылъэр сурэт щэ бжыгъэхэмкIэ ягъэдахэ. Иужьрей къыдэкIыгъуэхэм ящыщщ Шинкубэ Бэгърат и «ЖылакIэ», Къардэн Чэлимэт и «Къабэрдеипщхэр» тхылъхэр.

БЖЬЫХЪЭПI Роза.

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Жыларгуэ палатэр КъБР-м и ЖП-м Щэнхабзэмрэ СМИ-хэмкIэ и комиссэм и унафэщIым и къуэдзэ **Атмурзаев Магомед Мажит и къуэм** хуогузавэ и къуэш **Атмурзаев Сафар Мажит и къуэр** зэрылIам къыхэкIыу.

Къэхъун къуажэм дэт курыт еджапIэ №1-м мы махуэхэм щызэхэтащ а жылэм дэса, куржы-абхъаз зауэм 1993 гъэм хэкIуэда Хьэмгъуокъу Сыхьнун и фэеплъ волейбол зэхьэзэхуэ.

Хьэмгъуокъу Сыхьнун и вагъуэ

● Волейбол

СЫХЬНУН унагъэшхуэм къыщыхъащ. Я адэр пасэу дунеи ехыжа нэужь, зэкъуэшихымрэ зэошпхъуитIымрэ я къэIэтыныр я анэ Таужан и пащэм къыдэхуащ. Къуажэ курыт еджапIэр къиухри, Хьэмгъуокъур лэжьапIэ уващ Нарткъалэ и автотранспорт предприятэм. Дзэм къулыкъу щрихьэкIыу екъкIуэлIэжа нэужь, «Нартхасэ» ансамблым и хореографу икIи ЩэнхабзэмкIэ унэм и автомашинэм дэсу лэжьащ.

«Адыгэ Хасэм» и район къудамэм жыдэжру хэт Сыхьнун лъэныкъуэкIэ зыкъигъэнэн лъэкIакъым ди къуэш абхъазэхэм лей къатехьэм и хъыбар къыщIэрыхьэм икIи езым и фIэфIыныгъэкIэ 1992 гъэм Абхъазым кIуэхэм гъусэ захуищIащ. Ар хэтащ КъуэкIыпIэ, Гумистэ фронтхэм, нэгъуэщIыщIыпIэхэми щекIуэкIа зэзауэ гуащIэхэм. Абхъазым текIуэныгъэр зыIэригъэхьэху, лIыхъужьыгъэ зрихьэу зэуащ.

Ди къуэшхэм я щхьэхуитныгъэр яхьумэжыным ехьэлIа зауэм хахуагъэр лIыхъужьыгъэрэ къызэрыщигъэлъэгъуам къыхэкIыу Хьэмгъуокъу Сыхьнун къыхуагъэфащащ «ЛIыхъужьыгъэм папщIэ» орденыр.

ЗэпэщIэтныныгъэм и гуащIэгъуэм щIалэ хахуэм унагъуэ зригъэпэщащ. Абы и къуэ Iнал иджыпсту щрегъаджэ Абхъаз къэрал университетым экономикэмкIэ и факультетым.

ВолейболымкIэ Къэхъун щекIуэкIа фэеплъ зэхьэзэхуэм и пэ къихуэзу къызэхуэсахэм зыхуагъэзащ КъБР-м щыщу Абхъазым щызэзауэхэм я зэгухьэныгъэм и тхьэмадэ Ящэгъауэ Къазбэч, къуажэ администрацэм и Iэтащхьэ Хьуэст Замир, курыт школ №1-м и унафэщI Хьэхъупащ1э Iэмин, Хьэмгъуокъу лъэпкъым и нэхъыжь Мурадин сымэ. Абыхэм фIыщIэ хуащIащ зэпеуэм хэт спортсменхэм икIи джэгукIэ удэзыхьэх къабгъэльэгъуэну екъуэхьуащ.

«Нобэрей зэхьэхьэхэм хуэдэхэр егъэкIуэкIыным икъукIэ мыхьэнэшхуэ иIэщ. Хьэмгъуокъу Сыхьнун хуэдэхэр щапхъэфI яхуэхъунущ къыдэкIуэтей щIэблэм. Апхуэдэхэм ядэплъейуэрэ ди щIалэхэр зэкупсэу, хахуэу къэхъунущ. ФIыщIэ щхьэхуэ яхуэощI спортсмен ныбжьыщIэхэр зыгъэхъэзыру мыбы къезышIэла егъэджакIуэхэми», - захуигъэзащ зэпеуэм кърихьэлIахэм Хьуэст Замир.

Накъыгъэм и 13-м екIуэкIа я къуажэгъум и фэеплъ зэхьэхьэр къызэрагъэпэщащ Къэхъун къуажэм дэт курыт еджапIэ №2-м и егъэджакIуэу щыта Гулэжын Беслъэн, къуажэ администрацэм и Iэтащхьэ Хьуэст Замир, Хьэмгъуокъуохэрэ Такъэхэрэ (Сыхьнун и анэр Такъэ ятхъуэ) я лъэпкъхэм. Кубокым щIэбэнащ Хьэмидей, Ташлы-Тала, Жэмтхьэлэ, Щэрэдж Ищхьэрэ, Псыгуэнсу, Къэхъун, Нарткъалэ я командхэр. Зэхьэзэхуэм и судьи нэхъыщхьэу щытащ Къэхъун курыт еджапIэ №1-м физическэ щэнхабзэмкIэ и егъэджакIуэ Кабалоев Мурадин.

ЗэIущIэхэр удэзыхьэху екIуэкIащ. Ещанэ увыпIэр зыIэрагъэхьащ нарткъалэдэсхэр хэзыгъэщIа Жэмтхьэлэ къикIа гупым. Дыщэ медалхэм папщIэ зэпэщIэтныныгъэр псом нэхърэ нэхъ гуащIэ хъуат. ЗэIущIам хуэхаха зэманым нэхъ пIэщIэр зэрыщIэзэмыкIам къыхэкIыу, зэман дыщIагъун хуей хъуащ. ИкIэмикIэжьым пашэныгъэр яубыдащ Хьэмидей щыщ волейблистхэм. Ташлы-Тала и командэр етIуанэ хъуащ.

КъБР-м щыщу Абхъазым щызэуахэм я зэгухьэныгъэм къыбгъэдэкIыу Хьэмгъуокъу лъапкъым фIыщIэ тхылъ хуагъэфащащ. КъищынэмыщIауэ, зэгурыIуащ ЗэIэпах кубокыр щэнэйрэ зэкIэлъхьэужьу къэзыхьым къыхуэнэжьпэну.

ЖЬЫЛАСЭ Замир.

Редактор нэхъыщхьэ ХЬЭФIЫЦIЭ Мухьэмэд

Редколлегием хэтхэр:

ЖьэкIэмыхъу Маринэ (редактор нэхъыщхьэм и япэ къуэдзэ), **Жылаэ Заурбэч** (редактор нэхъыщхьэм и къуэдзэ), **Ширдий Маринэ** (редактор нэхъыщхьэм и къуэдзэ), **Къаншокъуэ Эллэ** (жэуап зыхь секретарь), **Къардэн Маритэ, Нэщ1эныдж Замирэ, Хьэжыкъарэ Алик, Щхьэщэмыщ1 Изэ.**

Езыгъэтхаэр

«Адыгэ псалъэ» газетыр КъБР-м и Парламентымрэ Правительствэмрэ ирагъэтхащ (учредителхэр).

● ● ● ● ● ● ● ● ● ● ● ●

КъыдэзыгъэкIэжмрэ редакцэмрэ я хэщIапIэр

360030, Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэ, Налшык къалэ, Лениным и уэрам, 5

ТЕЛЕФОНХЭР: редактор нэхъыщхьэм, секретарым - 42-56-19; редактор нэхъыщхьэм и къуэдзэхэм - 42-63-64, 40-48-54, 40-06-33; жэуап зыхь секретарым - 42-22-82; секретариатым - 42-22-66.

КЪУДАМЭХЭМ: политикэмкIэ, жылагъуэмрэ лъэпкъ IуэхухэмкIэ - 42-22-86; къуажэ гъащIэмрэ экономикэмкIэ - 42-57-59; щэнхабзэмкIэ - 42-75-36; обозревателхэм - 42-22-89; хабзэхъуэмэ Iуэхущ1апIэхэм ядэлэжьэныкIэ - 42-60-53; хъыбарыщIэхэмкIэ, спортымрэ письмохэмкIэ - 42-22-88; егъэджэныгъэмрэ щIэныгъэмкIэ - 40-15-31; здэзыкIаIуэхэм - 42-21-88; корректорхэм - 42-60-27; бухгалтериемэ - 40-69-32; ЭВМ-м и операторхэм - 42-22-84; компьютер Iэнатlэм - 42-26-41; сурэттехым - 42-75-78.

Теддзэ тхыгъэхэм къыщыхьа бжыгъэхэм, къыщIэта Iуэхугъуэхэм я пэжагъымкIэ ахэр зытехэм нэсу жэуап яхь. Авторхэмрэ редакцэмрэ я Iуэху епIыкIэр зэтехуэ зэпыту щытхъым.

Газетыр Iэ тезыдзахэм яхуэхьынымрэ пщэ дэлъщ КъБР-м федеральнэ пощт зэпыщIэныгъэхэмкIэ и управленэм.

Тел.: 76-01-28, 76-01-10

● ● ● ● ● ● ● ● ● ● ● ● ● ● ● ●

Газетыр 2016 гъэм дыгъэгъазэм и 19-м Печатным и хуитыныгъэр хъумэныкIэ Къэбэрдей-Балъкъэр щIыналъэ Iуэхущ1апIэм ПИ №ТУ07-00117-м щIэту ятхащ.

Зы илъэсым газетыр 250-рэ къыдокI.

«Тетраграф» ООО-м щытрадзащ.

КъБР, Налшык къалэ, Лениным и уэрам, 33

Мы къыдэкIыгъуэм елэжьахэщ: жэуап зыхь секретарым и къуэдзэ **Джатокъуэ Залинэ**, *редактору* **ЖьэкIэмыхъу Маринэ**, *корректорхэу* **Щоджэн Иннэ** *(2, 4-нэ нап.),* **Щоджэн Заирэ** *(1, 3-нэ нап.), корректорхэм я дзэныкъуэгъу* **Нэужьокъуэ Заирэ**. *Компьютерхэр газетым и теплъэгъуэ ящIащ* **Дол Маринэ, Ныр Саидэ, Щомахъу Марианнэ, Бещто Оксанэ,** *сурэтхэм елэжьар* **Бицу Жаннэщ.**

Номерыр «Адыгэ псалъэм» и компьютер Iэнатlэм щагъэхьэзырац.

Газетым Iэ традзэн хуейщ сыхьэт 20-м, щытрадзар сыхьэт 20.00-рц.

Индексыр 51531 ● Тираж 3.721 ● Заказ №677